**1941 анз 22 июнь**





ЦУППАРИНСÆЙ АНЗЕЙ РАЗМÆ РАЙДÆДТА УСТУР ФИДИБÆСТОН ТУГЪД

***Райгурæн бæстæ немуцаг-фашистон гадзирахаттæй æрбалæборгутæй багъæуай кæнуни тохмæ сахар Мæздæги цæргутæ рандæ 'нцæ дзиллонæй. Еци тугъдонтæй сæ фидиуæзæгбæл нæбал исæмбалдæнцæ 2451 адæймаги, сæ цард иснивонд кодтонцæ Фидибæсти сæрбæлтау. Уони рохс нæмттæ æностæмæ исцитгин кæнуни туххæй син се 'мзæнхонтæ сæ райгурæн сахари ниввардтонцæ, мæнæ къари ке уинетæ, еци еумæйаг номерæн циртдзæвæн.***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№15 (796) 2021 анзи 28 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## АХСГИАГ ФАРСТА




## «ВЕТЕРАНТÆ ГЪÆУАМА НÆ УОЗÆЛД БАНКЪАРОНЦÆ»

«Устур Фидибæстон тугъди Уæлахези кадæн нисангонд гъуддæгутæ гъæуама конд æрцæуонцæ бæрзонд æмвæзадæбæл», – уæхæн ихæс комитет «Уæлахез»-и иуонгти размæ исæвардта Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло**.

Бæрæгбонмæ нисангонд гъуддæгути туххæй радзурдта Хецауади Сæрдари хуæдæййеvæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Тугъанати Ларисæ**. Æ дзубандимæ гæсгæ, пъланмæ хаст æрцудæнцæ системон гъуддæгутæ æма аллихузон акцитæ. Дзæуæгигъæуи, районти гъæуама арæзт æрцæуонцæ патриотон акцитæ, физкультурон-спортивон гъæзтитæ, кадгин митингтæ, мемориалтæбæл деденгутæ исæвæронцæ, «Лæгдзийнади уроктæ» искæнонцæ, концерттæ равдесонцæ.

Æ радзубандий 58-аг æфсади ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Игорь Гвозденко** куд фæббæрæг кодта, уотемæй Дзæуæгигъæуи уодзæнæй æфсæддон парад, Мæздæги дæр æфсæдтæ рæнгъгай рацæудзæнæнцæ æфсæддон кадгин марши. «Æнæмæлгæ полк» уодзæнæй онлайн хузи.

Сергей Меняйло куд байамудта, уотемæй гъæуама ветерантæ банкъаронцæ уозæлд, бæрæг уа, кæми баддзæнæнцæ, е.


2


# Æ ТОХ АДТÆЙ АДÆМИ АМОНДБÆЛ!..

**Искурдиадæгин финсæг æма публицист, историк æма экономист ЦÆГОЛТИ Аслæнгерийи (Михаили) фурт Геуæргий райгурдбæл 22 апърели исæнхæст æй дæс æма авдинсæй анзи (1871-1939).**



***ЦÆГОЛТИ Геуæрги** æ берæвæрсуг исфæлдистадæй фæгъгъæздугдæр кодта куд Иристони, уотæ Кавкази иннæ адæмихæттити културæ, хуæрзæрдæмæ фæззиндтæй ами революцион-демократон гъудий райрæзтбæл, фæллойнæгæнгути зундирахаст разæнгард кодта сæ бартæбæл тохмæ. Кæд æхе цард берæ цæмæйдæрти гъезæмайраг рауадæй, уæддæр æ зæрдæ ба рохс адтæй, æгайтима, æ бон ци адтæй, уомæй æ уарзон адæмæн фæллæггадæ кодта. Абони ин нæ дзиллæ арфиагæй имисуй æ рохс ном, мах ба мухур кæнæн хецæн æрмæгутæ Цæголифурти туххæй, æ уадзимистæй цалдæр (4-5-аг, 8-11-аг фæрстæбæл).*



## ЗОНУЙНАГ



## УОЛÆФГÆ – УÆД УОЛÆФГÆ!..

Уалдзæг æма Фæллойни Бæрæгбон (1 майи) æма Цитгин Уæлахези Бон (9 майи) нимад æнцæ фæлладуадзæн бæнттæбæл. Æма æнæуой фæлладуадзæн бæнттæ ку раргъæвунцæ, уæд фæлладуадзæн бæнттæбæл нимад æрцæунцæ хæстæгдæр косгæ бæнттæ. **Аци анз фæлладуадзæн бæнттæ уодзæнæнцæ майи фиццаг дæс бони.** Уæрæсей Президент Владимир Путин куд загъта, уотемæй уæхæн фæндæ бахаста «Роспотребнадзор»-и разамонæг Аннæ Попова – уой гъудимæ гæсгæ, е уайдæ раст, уомæн æма уæрæсейæгтæ, фæлладуадзæн бæнтти фæсте сæ цæрæн рауæнтæмæ 'здæхгæй, пайда кæндзæнæнцæ æхсæнадон транспортæй, эпидемиологон уавæр бабæй тæссаг æй.

Владимир Путин исарази æй æ фæндонбæл. Æма ци сæрмагонд Указ бафинста, уомæ гæсгæ майи фиццаг дæс бони уодзæнæнцæ фæлладуадзæн бæнттæ. Уогæ æнæ косæн кæмæн нæййес, еци коллективтæ ба уæддæр косдзæнæнцæ, æцæг сæхе уавæртæмæ гæсгæ бæрæггонд фæткитæмæ гæсгæ.


**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ 2021 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 357 СОМИ 36 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 315 СОМИ 90 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

*Сэр Уинстон ЧЕРЧИЛЛЬ Англиси тугъдон-денгизон министр ма ку адтæй – дуккаг дуйнеуон тугъди райдайæнæй берæ раздæр, – уæд уотæ загъта: «Царди цæмæй дæ къохи ести бафтуйа, уой туххæй гъæуама дæ гъуддагмæ еудадзугдæр хъæбæр зæрдиагæй кæсай, дæхемæ ба æгириддæр макæд кæсай зæрдиагæй!..»*



# ГЪÆУУОН ХÆДЗАРАДИ ИРÆЗТÆН – ПРОГРАММИ НИСАНТÆ

НÆ РЕСПУБЛИКИ гъæууон хæдзаради къабази ирæзтæн устур агъаз фæуууодзæнæнцæ хецауади оргæнтæ, агропромышленнон æма наукон æхсæнади минæвæрттæ еумæйаг хъауритæй ку райдайуонцæ архайун æма синхаг регионти фæлтæрддзийнадæй ку пайда кæнонцæ, уæд.

Уæхæн гъудимæ æрцудæнцæ, агропромышленнон комплекси ирæзти фарстатæбæл дзубанди кæми цудæй, еци æмбурди. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Сергей Меняйло** нæ республики министрадтæ, ведомствитæ, агропромышленнон кустуæтти разамонгутæ, фермертæ, наукон архайгутæ æма районти сæргълæугути хæццæ исаразта сæрмагонд фембæлд Цæгат Иристони аграрон университети.

Сергей Меняйло куд радзурдта, уотемæй, нæ республики гъæууон хæдзаради ирæзтæн æнтæстгин фадуæттæ æма гæнæнтæ исаразæн ес, наукон æма экономикон æгъдауæй арæзт комплексон программи бундорбæл.

– Вазуггин гъуддаг æй бæлвурд хатдзæг искæнун, циуавæр фæрæзнитæ нæмæ ес пайда кæнунæн, цæмæй айдагъ нæ республики нæ, фал æндагон базаради дæр нæ продукци уа, уой туххæй. Гъæууон хæдзарадæ – экономики сæйраг къабæзтæй еу æй æма Цæгат Иристони ба аци кусти ирæзтæн ес фагæ гъæздуг æрдзон фæрæзнитæ æма дæсни специалисттæ. Гъæуй нæ исбæлвурд кæнун, циуавæр рахуæцæнтæ 'нцæ сæйрагдæр уой, æма сæ федæни программæмæ бахæссуни фарстатæ. Уой хæццæ ма гъæуй бакосун агропромышленнон комплекси, фермерон æма хецæн хæдзарæдти кустуæттæн агъази мадзæлттæбæл дæр, – загъта нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг.

Æмбурди сæйраг адтæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий гъæууон хæдзаради министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Уазити Хъазбеги** радзубанди. Е бæлвурд бæрæггæнæнтæ байамудта, анзи дæргъи министрадæн сæ къохи ци бафтудæй исæнхæст кæнун, еци гъуддæгути фæдбæл.

– Нæ республики гъæууон хæдзаради ирæзт евгъуд 2020 анзи æнæгъæнæ Уæрæсей байахæста æвдæймаг бунат. Аци къабази агрофæлхасади инфраструктури арæзт цæунцæ нæуæгдæр мадзæлттæ – халсартæ æма рæзи æвæрæнтæ.

2018 анзæй абони уæнгæ си æвæрд æрцудæй 19,6 тонни уæлдæр амунд продукци. Нæуæгдæр кæнуй гъæууонхæдзарадон техники парк дæр. Æртæ анземæ, льготон-инвестицион æфстæутти фæрци хæдзарæдтæ исамал кодтонцæ техники 554 еуæги 2,5 миллиард сомей аргъ. Нæ республики æнхæстгонд цæунцæ дууæ паддзахадон программи – «Гъæууон хæдзаради ирæзт» æма «Гъæууон фæзуæтти комплексон ирæзти» нисантæ.

2018-2020 æнзти, райдайæг фермертæн сæ кусти ирæзтæн «Агростартап»-и грантти хузи æрвист æрцудæй 718,1 миллион соми. Гранттæ райстонцæ 203 хæдзаради. Арæзт æрцудæй кусти 232 бунати.

2020 анзи паддзахадон программæ «Гъæууон фæзуæтти ирæзти» нисантæн ба æрвист æрцудæй 675,5 миллион соми. Уæд райдæдтонцæ дони хæтæлти системи райарæзт гъæутæ: Гизæл, Ногир, Гъæдгæрон æма Уæллаг Санибайи. Ольгински ба аци куст кæронмæ фæцæй. Амбулатори арæзт æрцудæй Кæрдзини æма культури Галауан Уæллаг Санибайи. Спортивон фæзæ – Гизæли, бундорон цалцæг ба Гъæдгæрони скъолай. Евгъуд анз ма 36 бийнонтемæн лæвæрд æрцудæй социалон феддонтæ – 34,6 миллион соми цæрæнуæттæ исамал кæнунæн, – загъта Уазити Хъазбег.

Æмбурди рæстæг нæ республики гъæууонхæдзарадон кустуæтти разамонгутæ бæлвурд радзурдтонцæ, сæ къабази ахсгиагдæр лухкæнуйнаг гъуддæгути фæдбæл. Уотæ, «Иристони æхсир»-и кустуати директор **Абайти Алан** куд радзурдта, уотемæй кустуат æнтæстгинæй ке ирæзуй, уомæн æвдесæн æй, сæ продукци син фæлхасгæнæг зæрдиагæй ке агоруй, е.

– Нæ республики еугур тукæнтти дæр ес нæ продукци, базаради агъазиау центртæ «Магнит» æма «Пятерочка»-й уæлдай. Аци устур тукæнттæмæ нин нæ продукци цæй туххæй нæ есунцæ, уой нин бæлвурд нæ зæгъунцæ. Фал, куд ес гæнæн, æма нæ республики медæгæ нæхе продукци æндагон амалгъон адæймæгути тукæнттæмæ ма хъæртонцæ, уомæн, – загъта Абайти Алан.

Агрохолдинг «Мастер-прайм Березка»-й сæргълæууæг **Беккузарти Ларисæ** ба радзурдта, кустуати ферми ци хуæрзгъæдæ сторвонси муггæгтæ ес, уони æхсир æма фиди продукци айдагъ нæ республики нæ, фал синхаг регионти дæр агорунцæ. Фал сæмæ нæ фагæ кæнуй косгутæ æма еци фарста кустуати цуд къулумпи кæнуй.

Сергей Меняйло байгъуста радзубандигæнгутæмæ алкæмæ дæр æма æхемæ фæннисан кодта еугур лухкæнуйнаг фарстатæ дæр. Æмбурди архайгутæ ма дзубанди кодтонцæ дони системæбæл, селекци æма муггæгти кустбæл, дæсни кадртæбæл, агропромышленнон комплекси къабази нуриккон технологитæй æма наукон уагæй пайда кæнунбæл.

***

Аци æмбурди ци фарстатæбæл цудæй дзубанди, уонæмæ гæсгæ ма уин фегъосункæнуйнаг ан мæнæ ауæхæн хабар. Республики идарддæр цæудзæнæй лæмбунæг архайд рæзикусти райрæзти программæбæл. Е агъаз уодзæнæй рæзи æрзад зингæ фæффулдæр кæнунæн. Специалистти нимадмæ гæсгæ, 2023 анзмæ рæзæдæнтти фæзуат уодзæнæй 7,8 мин гектарей бæрцæ. Ирæфи райони нуриккон технологити бундорбæл хе минкъий рæзæдонæ ниййаразуни хъæппæрес равдистонцæ фараст адæймаги. Уотемæй, райони арæзт æрцудæй 270 гектари æхсæрæ, 120,5 гектари – фæткъутæ, 20 – æнгозтæ, 4 – чуали, нинæгъ æмæ сæнæфсерæ.

Будури Дæргъæвси цæрæг Бузойти Славик фæлтæрдгун зæнхкосæг æй, совхоз «Дæргъæвсаг»-и берæ фæккуста. Нур е исфæндæ кодта хе рæзæдонæ ниййаразун, æма æ зæнхитæ исфедудтонцæ фæткъу, нинæгъ æма сæнæфсери талатæй. Æ размæ исæвардта нисан, æма 'й æруагæс кæнуй, исонибони ами ке уодзæнæй деденæгкалгæ рæзæдонæ. Бæлæстæ донгъæуагæ нæ уодзæнæнцæ, кæрдунцæ син сæ алливарс хъамил кæрдæгутæ, хæссунцæ сæмæ минералон гъæцæнтæ, пурф сæ кæнунцæ незтæ æма урунгонтæй гъæуайгæнæн бауæргъæдтæй, рагуалдзæг сæ бахсастонцæ. Нур æнгъæлмæ кæсунцæ фæткъути фиццаг тиллæгмæ.

# «ВЕТЕРАНТÆ ГЪÆУАМА НÆ УОЗÆЛД БАНКЪАРОНЦÆ»

«Мах парад нæхецæн нæ кæнæн, фал адæмæн. Парадмæ ветеранти гъæуй исласун, уой фæсте ба сæ сæ хæдзæрттæбæл исæмбæлун кæнун. Медицинон косгутæ гъæуама сæ рази уонцæ», – загъта Сергей Меняйло.

Сæ цубур радзубандити фæсевæди гъуддæгути Комитети сæрдар **Джусойти Руслан** æма культури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Къубалти Эльбрус** фæббæрæг кодтонцæ, аци фарстати хæццæ баст гъуддæгутæбæл куд косунцæ, уой. Цæгат Иристони идарддæр цалцæггæнæн куститæ кæнунцæ тугъдон циртитæбæл. Культурон бунтæ гъæуай кæнун æма сæ пайда кæнуни комитети сæрдар **Æгайти Эмилия** куд радзурдта, уотемæй аци анз базелдзæнæнцæ 8 æнсувæрон циртемæ.

Ахурадæ æма науки министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Людмилæ Башарина фæббæрæг кодта лæгдзийнади уроктæ, тугъдон намуси историон информацион автобусон тур «Историй адæймаг-2021»-и агорæн-æртасæн кустити туххæй конкурс æма æндæр гъуддæгутæ искæнуни фарстатæ. Республики разамонæг куд загъта, уотемæй скъолати æргом æздахун гъæуй хуæрзæгъдаудзийнади-патриотон гъомбæладæмæ. Скъолати гъæуама фæззиннонцæ стендтæ тугъди бæгъатæрти нæмттæ æма муггæгти хæццæ. «Уæлахези бæрæгбон еугур бæстæ æма республики цæргути еу кæнуй, цæмæй бæрзонд æмвæзадæбæл рацæуа, уомæ нæ хъауритæ исаразæн», – байамудта республики разамонæг.

***

Цæгат Иристони Хецауади æмбурди дзубанди кæнгæй, республики арæзтадæ æма архитектури министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Моргуати Константин** куд фегъосун кодта, уотемæй Устур Фидибæстон тугъди дууæ архайæги æма еци адæймæгути 18 бийнойнаги, уæдта дууæ ветерани райсдзæнæнцæ цæрæнуати уавæртæ фæххузæнондæр кæнунæн 25 миллион сомемæй фулдæрей бæрцæ субсидитæ. Еуемæ инсæй адæймагемæй ци æхцай бæрцæ хауй, е уодзæнæй 1,3 миллион соми.

***

Нæ республики Сæргълæууæги ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг Сергей Меняйло «Уæрæсей Æнæмæлгæ полк»-и æнхæстгæнæг комитети сæрдар **Артем Хуторскийи** номæй диплом равардта аци æзмæлди цæгатиристойнаг регионалон хайади разамонæг **Бокоти Эльбрусæн**.

Хуæрзеуæг æй, хайадæ фарæ «Æнæмæлгæ полк онлайн» искæнунмæ ци бавæрæн бахаста, уой туххæй. Бокой-фурт куд радзурдта, уотемæй фарæ республикон полк онлайн хузи исфедар кодтонцæ, национ телеуинунадæ «Осетия-Иристон»-и фæрци æй равдистонцæ. «Республики цæргутæ æрбарвистонцæ 3 мин къари, бакустан сæбæл, аци анз дæр уæхæн хузи байархайдзæнæнцæ», – балæдæрун кодта Бокоти Эльбрус.

Сергей Меняйло ин райарфæ кодта, проектмæ устур байвæрæн ке бахаста, уой туххæй.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Виктор Павели фурт Галкини райгурдбæл исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1901-1953). 1929 анзæй фæстæмæ цардæй æма куста Цæгат Иристони.**

*Цæгат Иристони адæмон финсæг ДАУРАТИ Дамир æримиста æ еу зонгæ лæги загъд: «Æз, зонис æй, Дамир, хуйæг дæн æма ахид уотæ рагъуди кæнун: æз мæнæ аци дууæ къохемæй ходтæ кæмæн бахудтон, сæ сæртæбæл сæ ка æрсагъта, етæ æцæгæйдæр нæлгоймæгтæ ку адтайуонцæ, уæд абони нæ Иристон лæггъæуагæ не 'ййафидæ...»*

# ЯДЕРОН ФУДЦАУТИ ДЗÆНГÆРÆГ ЗÆЛЛАНГ КÆНУЙ ИРИСТОНИ ДÆР...



АВДИСÆРИ, 26 апърели, æнæгъæнæ Уæрæсей дæр бæрæггонд бабæй æрцудæй, радиацион фудцаути ка фæммард æй, уони имисæн Бон.

Дуккаг дуйнеуон тугъд ку фæцæй, уæд гермайнаг фашизми нихмæ нæ «æмтохгæнæг» Америки Еугонд Штаттæ Советон Цæдесмæ знаги цæстæй ракастæнцæ æма ядерон хуæцæнгарзæй æртхъерæн кæнун байдæдтонцæ... Нæ бæстæ уæхæн уавæрти архайдта æ ядерон уарт тагъддæр исаразунбæл, кæд бæстæ æ къæхтæбæл нæма ислæудтæй, адæм хуайраггъæуагæ æййафтонцæ, сæ социалон уавæртæ хузæнон нæ адтæнцæ, уæддæр.

Нæ адæм хъазауатонæй кустонцæ æфсад ядерон тухтæй исефтонг кæнунбæл, аразтонцæ заводтæ, «Маяк»-и (Челябинск-40) хузæн кустадон еугæндтæ, ядерон полигонтæ Нæуæг зæнхи, Семипалатински, Тоцки, хуæцæнгарзи нæуæг хузтæ фæлваруни туххæй. Гъудæй дони бунти накæгæнæг атомон флот дæр, стратегион ядерон тугъдон-уæлдæфон флот дæр. Алли рауæнти нæмæ арæзт цудæнцæ атомон электростанцитæ аслан электрон тухæй бæстæ бафсадуни туххæй. Раст зæгъгæй, тæссаг адтæй, атомон электростанцитæ тагъд-тагъд аразгæй рæдуд æруадзунæй.

Ядерон объекттæ хæлæфæй арæзт цудæнцæ, уомæ гæсгæ ба бустæги æдасгонд нæ адтæнцæ радиаци рагъузунæй, радиактивон рагæлститæй алфамбулай нийгъæстæ кæнунæй. Тæссаг рагæлдзæнтæ (отходы) хатгай калд цудæнцæ цадити. Кустадон еугонд «Маяк»-и ба сæ цæугæдон Течамæ исаразтонцæ, дæсгай, сæдæгай километртæ æма æ алливарс цæрæг адæми маргæй ке игъæстæ кæнуй, уобæл нæ гъуди кæнгæй. 1957 анзи кустадон еугонд «Маяк»-и объекттæй еу ку исрæмугъта, уæд е адтæй еугур æхсæнадæн дæр рафæдзæхст: атоми хæццæ тæлаф-тулуфæй косæн нæййес. Еци анз æма фæстæдæр дæр Цæгат Иристони цæргутæй «Маяк»-и адтæй æма медæфсæдти службæ кодтонцæ 350 адæймаги. Беретæ си радиаций амæттаг фæцæнцæ.

Цалинмæ 1986 анзи Чернобыли атомон электростаций ядерон реактор не 'срæмугъта, уæдмæ «Маяк»-и фудбæлахи кой æндеугæ дæр неке кодта, ка си бахаудтæй, уонæй. Айдагъ Советон Цæдесбæл не 'рцудæй устур зиантæ еци исрæмугъдæй, фал еугур дуйнеуон æмæхсæнадæбæл дæр. Исрæмугъди фæстеугутæ уæлдай хъæбæрдæр фæззиндтæнцæ, сæ еуварс кæнунбæл ка куста, уони æнæнездзийнадæбæл. Айдагъ фиццаг дууæ анзей дæргъи Чернобыльмæ æрвист æрцудæй 600 мин æфсæддон службæгæнæгемæй фулдæр, архайдтонцæ еци фудбæлахи фæстеугутæ еуварс кæнунбæл. Сæ фулдæр фæннезгун æнцæ радиаций бæлахæй, иссæнцæ инвалидтæ.

Чернобыли трагедий Иристонæй бахаудтæй дууæ мин адæймагемæй фулдæр. Еци фудбæлахæн æ тæккæ туфули ке адтæнцæ, айдагъ уомæй дæр етæ бавдистонцæ хъæбæр устур лæгдзийнадæ. Уой хæццæ ба ма си беретæ фескъуæлхтæнцæ сæ бæгъатæр æма уодуæлдай хъиамæтæй – хумæтæги си дууинсæйемæн нæ исаккаг кодтонцæ Бæгъатæрдзийнади ордентæ, никки фулдæремæн ба майдантæ æма æндæр аллихузон хуæрзеугутæ.

Чернобыли фудбæлахи фæстеугутæ райеуварс кæнуни Цæгат Иристонæй ка архайдта, уонæй сæ фулдæр иссæнцæ незмæ гæсгæ пенсиесгутæ æма инвалидтæ.

Паддзахади æнæмæнгæ ка гъæуй, еци гъуддæгутæ, уой ба сæ тæккæ æверхъаудæртæ, æнхæст кæнуни ихæстæ ке рагъи бакæнунцæ, æма уой фæдбæл æновудæй ка архайдта, æхебæл дæр æма е 'нæнездзийнадæбæл дæр ка нæ аурста, етæ сæ зæрдæ цæмæннæ гъæуама ма даронцæ, Райгурæн бæстæ сæ иронхуати ке нæ ниууадздзæнæй, ке сæбæл ауоддзæнæй, зæгъгæ, уобæл?! Е гъæуама лæдæрд уа, куд бæсти разамонгутæн, уотæ бунæттон хецауеуæггæнгутæн, лæдæрд син уа е дæр, æма афонæ 'й еугур ядерон фудбæлæхти фæстеугутæ еуварсгæнгутæн – чернобылæгтæн, маяковонтæн, семипалатинскаг-байконурæгтæн, нæуæгзæнхонтæн, атомон наути службæхæсгутæн, ракетчиктæн-ядерщиктæн, еузагъдæй, ядерон гъомуси хæццæ баст еугур косгутæн дæр, æмхузон бартæ раттун æма син æмхузонæй сæ цардиуаги фарстати гъæугæ хузи агъаз кæнун. Гъулæггагæн, фæндæуа сæ æви нæ, уæддæр сæ цардæн хъæбæр тæссаг æй, аци рохс дуйнейæй фæгъгъæунцæ æмгъудæй раздæр. Уонæмæ абони гъæуама уа социалон гъæуайкæнуйнади еудадзугон гъосдард, гъæуама син уа сæрмагонд реабилитацион центртæ, бюджетон фæрæзнитæй сæмæ гъæуама хауа нивæбæл цæруни фагæ, уæлдайдæр ба æнæ дарæгæй ка байзадæй, тæссаг уавæрти еци архайгути идæдзæ уоститæмæ æма сувæллæнттæмæ.

## АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## КУД НИН ФЕДУНЦÆ, КОСГÆ ДÆР ГЪЕ УОТÆ КÆНÆН!

***Циуавæр равгитæ дин гъæуама уа, цæмæй нур куд косис, уомæй хуæздæр косай, уомæн?***
***Уæхæн фарстайæй дзиллон цæстингас бæлвурдгæнæг Еугуруæрæсеуон центри æвзаргутæ бафарстонцæ, æстдæс анземæй хестæр ка 'й, Уæрæсей уæхæн 1600 цæрæгей. Сæ бон адтæй æртæ хузи дзуапп раттун. Æма æрфарсти еумæйаг бæрæггæнæнтæ рауадæнцæ мæнæ ауæхæнттæ (%).***

- **Фулдæр ку федиуонцæ** — 44%
- **Ци æхца бакосай, етæ «бæркадгиндæр» ку уиуонцæ** — 24%
- **Фæллойнадон æнтæстдзийнæдтæн фулдæр кадæ ку уидæ** — 19%
- **Нæуæг техникæ, дзаумæуттæй кустадæ ефтонггонд ку цæуидæ** — 18%
- **Фæллойнадон уавæртæ хузæнон ку уиуонцæ** — 16%
- **Мæ дæсниадæбæл идарддæр ахур кæнуни туххæй фадуæттæ мин ку уидæ** — 15%
- **Фæллойнадон фæткæ хуæздæр хузи æвæрд ку уидæ** — 13%
- **Мæ кусти разамунд дæснидæр ку уидæ** — 13%
- **Некæци равгити** — 3%
- **Мæ бон нæй бæлвурд дзуапп раттун** — 9%

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ...



*Дунти гъæуи Бидзити синхи цардæй еу рацæргæ кизгæ.*

*Синхи кизгуттæй еске киндзи ку цæуидæ, уæд имæ æхе бакъолæ кæнидæ. Еу кæми адтæй, уоми сæ синхонти кизгæ Хъаллæ киндзи цудæй. Киндздзæгтæ ибæл искодтонцæ. Каргун кизгæ ин æ къæртрæзтæбæл æ къох æрсæрфта æма имæ еци мæтъæлхузæй исдзурдта:*

*– Ци хъал дæ, Хъаллæ, киндзи ка цæуй!..*

*Хъаллæ ин сосæггай æ гъоси бадзурдта:*

*– Гъуди дæр æй ма кæнæ... Дæу амонд дæр райгъал уодзæнæй. Æма дæ кедæр лæхъуæн æ хæдзарæмæ ниффардæг кæндзæнæй...*

*– Кенæ ба ин ци загъдæуа еци амондæн: кæд ци тар мæрдвун бацæй. Ацал-ауал анзи ин æгириддæр райгъал уæн ку нæбал ес, – гъæрæй загъта рабадгæ кизгæ æма, уати лæууæг адæми е рæмбуйникъæдзæй æнсæндгæ зæрдмæгурæй æ хæдзарæмæ рараст æй...*

***

Мах дæр, Уæрæсей хумæтæг дзиллæ, еци мæгур рабадгæ кизги уавæри ан – еудадзуг нин нæ хецауеуæггæнгутæ зæрдитæ æвæрунцæ, тагъд уæ амонд райгъал уодзæнæй æма фæрнæйдзаг исуодзæнæй уæ цардиуагæ, фал сæ еци дзубандитæ уотид фæливд разиннунцæ. Уогæ сæхуæдтæ дæр бæргæ фæллæдæрунцæ, адæми сайгæ ке кæнунцæ, уой. Мах ба уонæмæ ести хуарзмæ æнгъæлмæ кæсæн... Еузагъдæй, фæливд, цийфæнди ку уа, уæддæр æ миутæ æнæ кæнгæ нæ фæуууодзæнæй, уой дæр айдагъдæр æхе пайдайæн...



**Андрей ИСАЕВ, Паддзахадон Думи депутат: «Паддзахадон Думæ æнæдзебæлæй бавналдзæнæй уони (Уæрæсей Президент В.Путини Æрвисти фæннисангонд ихæслæвæрдтæ – *Ред.*) æнхæст кæнунмæ нæ бæсти цæргути цардиуаги хуæрзгъæдæдзийнадæ фæххуæздæр кæнуни туххæй...»**

– Паддзахадон Думæ еудадзуг цæмæ «цæттæ» фæууй, е нин хъæбæр хуарз зундгонд æй – паддзахеуæггæнгутæн коммæгæс ун, уони зæрдæмæ фæццæун, уонæн сæхе пайдайæн унаффити фарс фæуунмæ... Думи депутаттæ уоми ке фæрци æрбадтæнцæ, еци адæми сагъæстæ æма тухстдзийнæдтæ ба сæмæ нимади дæр нæ 'нцæ.



**Владимир ВОЛКОВ, политик: «Дуйней берæ æвзæгти дзурдтæ «чиновник» æма «афицер» æмзæлон æнцæ. Уомæ гæсгæ ба нæ бон æй зæгъун æма гъæуама дзорæн чиновники номи æнæмæнгæ кæдзосдзийнадæбæл...»**

– Нæ бон æй. Фал, афицер, æ номи кæдзосдзийнади фæдбæл æхе фехсун ку исфæндæ кæна, уæд, куд рæсттъæпп, уотæ ин бантæсдзæнæй, фал чиновник ба, æнæфсæддон уогæй, æхе ку нæ раргъæва. Уогæ кæд æма кæми фæууидтайтæ, æ номи кæдзосдзийнади фæдбæл æхе фехсунбæл ка исарази æй, уæхæн чиновник? Мулки сæрбæлтау мæлæти цъухмæ дæр бацæун – е æндæр гъуддаг æй.

Уæхæн чиновниктæ ба нæмæ æгæр берæ дæр ма разиндзæнæй...



**Павел КРАШЕННИКОВ, Паддзахадон Думи паддзахадон арæзтадæ æма закъонæвæрдади Комитети сæрдар: «Гъуддаги цæстингасæй, гъай-гъайдæр, цийфæнди закъонтæ дæр есун гъæуй ирдгæ сæрæй (гъома, рагъудикондæй – *Ред.*). Лæмбунæгæй сæбæл бакосуни фæсте...»**

Бæргæ, уотæ ку уайдæ, фал... Паддзахадон Думæй ци закъонтæ рацæуй, уонæй беретæмæ гæсгæ адæймаг ниддестæ уй: ка сæ исфедар кæнуй, уонæбæл сæртæ ес, кæд ес, уæдта си рæстзундзийнадæй ести ес. Мæнæ бабæй æрхæстæг æнцæ Думæмæ æвзурститæ, æма æвзаргутæ кæдимайди ба зундгиндæр разинниуонцæ, расагъæс кæнонцæ, се 'ууæнки аккаг ка 'й æма Думи æцæгæй сæ сæрбæлдзорæг ка уодзæнæй, уобæл...

**Граждайнаг æма Устур Фидибæстон тугъди архайæг, инæлар-майор Сланти Алексейи фурт Леониди райгурдбæл 26 апърели исæнхæст æй æхсæзинсæй анзи (1901-1969).**

*Зундгонд паддзахадон архайӕг ӕма рохситауӕг БАЙТИ Гаппо (1869-1939) финста: «Уӕлдай хъазар ӕй дӕ куст Геуӕрги! Ду фӕккустай еци адӕмӕн, нерӕнгӕ ма хъӕрӕу ка 'й, нӕ уинуй ӕ хуӕрзгӕнӕги, къуру ка 'й, нӕ игъосуй ӕ разӕйцӕуӕг лӕгти дзубанди, талингӕ кӕмӕн ӕй ӕ сӕризунд, зӕронд тогӕй кӕмӕн зелуй нерӕнгӕ*

# Ӕ ТОХ АДТӔЙ АДӔМИ АМОНДБӔЛ!..



*ЦӔГОЛТИ Геуӕрги райгурдӕй 1871 анзи 22 апрели Киристонгъӕуи (нур – сахар Дигора).*



КАДГИН, дзурддзӕугӕ лӕг адтӕй ӕ фидӕ Аслангери. Е ӕнӕмӕнгӕ фӕббӕрӕг ӕй фурти уодикондбӕл, уомӕн ӕ демократон зундирахастбӕл. Аслангери каст фӕцӕй Тифлиси дини семинари ӕма куста фиццаг ахургӕнӕгӕй, уӕдта къуар анзей дӕргъи – саугинӕй. 1878 анзи, ӕз саугин нӕбал дӕн, зӕгъгӕ, ӕ пӕлӕз рагӕлста. Аци хабар куд нӕ фӕббӕрӕг адтайдӕ минкъий Геуӕргий цардбӕл? Бийнонтӕ ӕрмӕгур ӕнцӕ, уомӕн ӕма Аслангеримӕ неци есбон адтӕй, ӕ минкъий хӕдзарӕ дӕр ма ихӕстӕ бафедӕггаги уӕйӕгонд ӕрцудӕй: службӕмӕ ба 'й есгӕ нӕбал кодтонцӕ, «ӕ рехӕ даст ӕрцудӕй», зӕгъгӕ. Минкъий биццеуӕн ӕ фиццаг имисуйнӕгтӕ ӕнцӕ ӕ мӕгурдзийнадӕ ӕма е 'стонг. «Дзабур, уӕледарӕс цӕмӕй балхӕдтайанӕ, е нӕ адтӕй. Ӕз… дууӕ анзи бӕгъӕнбадӕй фӕххаттӕн, сауӕнгӕ зумӕги дӕр – бӕгъӕнбадӕй…» – имиста фӕстӕдӕр Геуӕрги.

Биццеумӕ дӕр хумӕтӕг нӕ фӕккастӕй ӕ фидӕ Аслангерийи миуӕ, ниссагъӕси 'й, гъуди ибӕл кодта, ӕма ин фӕцӕй цард хуӕздӕр балӕдӕруни хуасӕ, рӕстдзийнадӕ ӕма тохи фиццаг урок. Ӕ фидӕ алкӕддӕр адтӕй мӕгур гъӕуккӕгти фарсхуӕцӕг, лӕудтӕй бонгинти нихмӕ. Ниллӕудтӕй син тӕлмаци лӕгӕй, мӕгуртӕн финста сӕ гъаст гъӕздугути ӕма хецауади минӕвӕртти нихмӕ. Е дӕр фагӕ нӕ адтӕй: ӕргомӕй ӕрлӕудтӕй хецауади нихмӕ. Нӕудӕсӕймаг ӕноси 80-аг ӕнзти райдайӕни е ӕ мӕгур гъӕуккӕгти сӕргъи исистадӕй бунӕттон старшинай нихмӕ, уой туххӕй ниййахӕстонцӕ Аслангерий, фесафтонцӕ 'й сакъадах Чечени. Гъе ӕма ӕ фидӕй уӕхӕн тохмонц зунд ӕма уодигъӕдӕ рахаста Геуӕрги дӕр.

Еу лӕг ма адтӕй, Геуӕргий зундирахастбӕл хуӕрзӕрдӕмӕ хъӕбӕр ка фӕззиндтӕй, уӕхӕн. Е адтӕй ӕ фиди фидӕ Муссӕ, гъӕууон курдон. Фӕстӕдӕр ӕ имисуйнӕгти ин ӕ кой ахид кодта Геуӕрги. Зӕронд лӕг ӕй бахудта адӕмон исфӕлдистади хӕзнадонӕмӕ, берӕ таурӕхътӕ, аргъӕуттӕ, ӕмбесӕндтӕ, зартӕ си базудта биццеу, ӕ зунди ин хезун кодта рӕстдзийнадӕмӕ турнундзийнадӕ. Дессаг нӕй, Геуӕргийӕн ӕ фиццаг уадзимистӕ адӕмон исфӕлдистадӕ ӕма зӕронд Мусси хӕццӕ баст ке 'нцӕ, е. Ӕ уарзондӕр поэтикон фӕлгонц ба иссӕй адӕмон мастесӕг ӕма зартӕгӕнӕг Хъудайнат.

«Устур аргъ кодта ахурдзийнадӕн, кадгин бунати ӕвӕрд имӕ адтӕй киунуги дӕсни лӕг», – финста Геуӕрги зӕронд Мусси туххӕй. Нур зин балӕдӕрӕн нӕй, мӕгур хӕдзарвӕндагӕй рацӕугӕ биццеу ахурбӕл куд бафтудӕй, е: неци бавгъау кодта, нецӕбӕл байаурста. Сабий ӕхсӕз анземӕ ӕ мади фӕрци базудта кӕсун. Уайтӕккӕ 'й равардтонцӕ Киристонгъӕуи еукъласон скъоламӕ. Ами фӕцӕй ӕртӕ мӕйи. Фӕстӕдӕр, 1879 анзи сентябри мӕйи, ӕ бон бацӕй Мӕздӕги дини училищемӕ бацӕун. Райстонцӕ 'й къазнай харзӕй.

Еци рӕстӕг хъӕбӕр ӕзмӕнститӕ цудӕй Уӕрӕсей. Архайдта парти «Народная воля»… Рамардтонцӕ паддзах Александри… Ӕверхъау ӕфхуӕрӕн миутӕ уой фӕсте иситинг ӕнцӕ… «Паддзахмаргути» ӕлгъетунцӕ хецауадӕ, бонгинтӕ, хъоди сӕбӕл кӕнунцӕ аргъауӕнти. Ахурдзаути зундӕй фӕссорунбӕл архайунцӕ сӕребарӕбӕл гъудийӕн ӕ думгӕ дӕр. Фал фӕсевӕди 'хсӕн куста ӕндӕр зунд дӕр: берети ӕруагӕс кодта, революционертӕ ке «дзорунцӕ адӕми сӕрбӕл», «уарзтонцӕ сӕ фӕсаууонмӕ ӕма дзурд лӕвардтонцӕ, ескӕд етӕ дӕр революционертӕ ке исуодзӕнӕнцӕ, уой туххӕй». (Цӕголты Г. «Мысинӕгтӕ», ОРФ СОНИИ, фонд II, фыст 1, хъуыддаг 32, фарс 142).

Мӕгурти сӕрбӕл дзорун, фӕллойнӕгӕнгутӕ ӕма еугур ӕфхуӕрд адӕми сӕрбӕлтау тох Цӕголи-фуртӕн фӕстӕдӕр иссӕй ӕ еугур царди гъуддаг.

Ӕхуӕдӕг куд дзурдта, уомӕ гӕсгӕ литературӕ уарзун байдӕдта Мӕздӕги дини ахургӕнӕндони. Каст ӕй фӕцӕй 1885 анзи ӕма уӕд бацудӕй Стъараполи дини семинаримӕ дӕр. Берӕ бабӕй нӕ раййивта ӕ цардиуагӕ. Ами дӕр еци карз ӕфхуӕрдтитӕ, къумух чиновник-ахургӕнгутӕ, карцер ӕма фӕсмондзийнадӕ. (Къуар анзей фӕсте семинарий цард равдесдзӕнӕй «В Болотинске», зӕгъгӕ, романи.)

Фал рохс гъуди ницъцъист кӕнун дини семинарий бон дӕр нӕ бацӕй. Еци ӕнзти Цӕголи-фурт райдӕдта финсун. Стъарапойлаг газет «Северный Кавказ»-и фӕззиндтӕй ӕ фиццаг литературон фӕлварӕн: «Эпизод из времени бунта в Осетии в 1806 году».

Финсунӕй уӕлдай ма имӕ адтӕй ӕндӕр «уодервӕзӕн» дӕр – кастӕй киунугутӕ. Е ба уотӕ ӕнцон гъуддаг нӕ адтӕй. Семинарий фундаменталон библиотекӕй кӕстӕр семинаристтӕн литературӕ нӕ лӕвардтонцӕ, сахари библиотекитӕмӕ цӕуни барӕ син нӕ адтӕй. Киунугутӕ амал кодтонцӕ зонгити фӕрци, кастӕнцӕ сӕ кезугай, сосӕггай – кӕми уроктиӕ рӕстӕги, кӕми – ба хуссун афони дӕр. Еууӕхӕни Геуӕргий ӕрахӕстонцӕ, Помяловскийи роман «Молотов» куд кастӕй, уотемӕй. Еци дзамани дини ахургӕнӕндӕнтти аци финсӕги уадзимистӕ хъодигонд адтӕнцӕ рохс синоди дзурдӕй, ӕма Геуӕргий уайтӕккӕ рацох кодтонцӕ семинарийӕй.

Ӕхсӕрдӕсанздзуд биццеу фӕххауӕггаг ӕй. Хъӕбӕр тухстӕй, ӕ бийнонти ке фӕффудӕнгъӕл кодта, уомӕй: сӕ зӕрдӕ айдагъдӕр уобӕл дардтонцӕ. Бийнонти дарун гъудӕй, ӕма Геуӕрги ӕ фиди хӕццӕ (уӕдмӕ е ахӕст нӕма адтӕй) кустагор рандӕй Кубани зилдмӕ. Баталпашинскмӕ хӕстӕг еу цади билӕбӕл адтӕй цӕнхикустгӕнӕн завод, ӕма уордӕмӕ бацудӕнцӕ фидӕ ӕма фурт. Ами хъӕбӕр зин уавӕрти кустонцӕ, гъезӕмарӕ кодтонцӕ Уӕрӕсей алли къумтӕй ӕрцӕуӕг адӕм – уруссӕгтӕ, гурдзиӕгтӕ, дагестайнӕгтӕ, кӕсгӕнттӕ, иристойнӕгтӕ. Се 'стонг, сӕ мӕгурдзийнадӕ сӕ ӕртардта ардӕмӕ.

Цӕголти Геуӕрги ами хуарз балӕдӕрдтӕй, фӕллойнӕгӕнӕг лӕгӕн алкӕмидӕр ӕ уавӕр еухузон гъезӕмарӕ ке ӕй. Косгути фарс ке лӕудтӕнцӕ, сӕ сӕрбӕл ке дзурдтонцӕ, уой туххӕй Геуӕрги ӕма ӕ фидӕ цохгонд ӕрцудӕнцӕ сӕ кустӕй.

Уой фӕсте берӕ рахау-бахау багъудӕй Геуӕргий. Аразта ӕфсӕнвӕндаг Кубани зилди станицӕ Барсуковскийӕй, ласта нартихуар Даргъ-Къохи станцӕмӕ, адтӕй цомайи биццеу ӕма ахургӕнуйнаг ӕфсӕнвӕндаги телеграфи, лӕвардта уроктӕ, 1892 анзӕй фӕстӕмӕ ба адтӕй Дигоргоми Донифарси ӕма Мӕхчески приходи пъисӕр, еци куст кодта Алагири ӕма Пусулмонгъӕуи (Чиколай) дӕр.

Цӕголи-фурт хуарз базудта адӕми цард. Еу «незӕй садӕнцӕ» Баталпашински заводи косгутӕ дӕр ӕма хуӕнхӕгтӕ дӕр. Фӕууидта къласон хецӕндзийнадӕ, эксплуатаци. Балӕдӕрдтӕй зӕнхӕгъӕуагӕ мӕгур хуӕнхӕгти зин, сӕ гъезӕмарӕ ӕлдӕртти ӕхси буни, кулакти цъамардзийнӕдтӕ, паддзахи администраций ӕфхуӕрд. Хуӕнхаг лӕги ма ӕлвастонцӕ дингӕнгутӕ ӕма зӕронд ӕгъдӕутти уаргъ. Нӕ финсӕги бон нӕ адтӕй уӕхӕн уавӕртӕмӕ кӕсун, е ниллӕудтӕй тохи надбӕл, бацӕуидӕ хӕлхъойаг гъуддӕгути, алкӕддӕр мӕгурти фарс уогӕй. Амудта син, финста син гъӕугӕ гӕгъӕдитӕ, сӕ гъаст син хаста уӕлдӕр хецауадӕмӕ. Ӕма ӕ нихмӕ иссӕнцӕ ӕлдӕрттӕ, бонгинтӕ, бунӕттон дингӕнгутӕ.

Ӕ пъисӕри кусти туххӕй финста уотӕ: «Службӕ мин хъӕбӕр фӕййагъаз ӕй адӕми церд базонуни гъуддаги. Мӕ зӕрдӕбӕл рацудӕнцӕ фиццаг арф ауӕдзтӕ. Еци ауӕдзтӕй райгурдӕнцӕ фӕстӕдӕр хуӕнхаг царди фарстати фӕдбӕл мӕ берӕ уацтӕ. Еци ауӕдзтӕй рацудӕй, хуӕнхти ци зин хӕдзарадон уавӕр ес, уой туххӕй ке ниффинстон, еци киунугӕ «Край беспросветной нужды» дӕр…»

Пусулмонгъӕуи (Чиколай) ӕма Мӕхчески ку адтӕй, уӕд Геуӕрги финсун райдӕдта цубур уацтӕ бунӕттон цардӕй. Мухур сӕ кодтонцӕ «Терские ведомости», зӕгъгӕ, газети. 1894 анзи ӕмбеси имӕ фӕдздзурдтонцӕ аци газети редакцимӕ косунмӕ.

Газети косун ӕ рагон бӕлдӕ адтӕй Геуӕргийӕн: «Газети куст мӕн еудадзугдӕр ӕлваста ӕхемӕ». Рандӕй Владикавказмӕ (Дзӕуӕгигъӕумӕ). Лӕдӕрдтӕй, журналист устур зунд ӕма культури хецау ке гъӕуама уа, уой, ӕма ӕрӕвналдта ӕхебӕл косунмӕ; кӕсуй хъӕбӕр берӕ, ахур кӕнуй философи, экономикӕ, статистикӕ, барадӕ, истори.

Цӕголи-фурт, профессионалон журналист, газети фӕккуста дӕс ӕма инсӕй анземӕй фулдӕр. Ӕ уадзимистӕ цудӕнцӕ Уӕрӕсей, Цӕгат Кавкази ӕма Фӕскавкази еу-дууинсӕй мухури оргӕнӕй фулдӕреми. Ӕ бон адтӕй газетон публицистики алли жанри дӕр финсун, финста репортажтӕ, корреспонденцитӕ, раздзурди уацтӕ, фельетонтӕ, экономикон, ӕхсӕнадон-политикон ӕма литературон фарстатӕбӕл, рецензитӕ киунугутӕбӕл ӕма театралон спектакльтӕбӕл, библиографион феппайуйнӕгтӕ, рафӕлгӕститӕ центрон ӕма провинциалон мухурбӕл. Ӕ финстити бундор адтӕнцӕ нӕ адӕми XIX ӕноси кӕрони ӕма XX ӕноси райдайӕни царди социалон-экономикон ӕма культурон царди ахсгиагдӕр фарстатӕ. Ӕ финститӕн ин рахонӕн ес Иристони историй, экономики ӕма культури энциклопеди – уотӕ берӕвӕрсуг ӕма арф ӕнцӕ. Фал Цӕголи-фурти публицистики устур хуарздзийнадӕ е дӕр ӕй, ӕма айдагъ Иристонбӕл ке нӕ дзоруй ӕма тухсуй. Ӕ берӕ уацтӕ, очерктӕ, фельетонти нӕ финсӕг тох кӕнуй Цӕгат Кавкази иннӕ адӕмти сӕрбӕл дӕр.

Цӕбӕл финсуй, еци фарстатӕ берӕ 'нцӕ. Фал си уӕлдай ӕхцулдӕр ӕй еу къуаребӕл: мӕгур хуӕнхаг адӕми социалон-экономикон уавӕр; паддзахи хецауадӕ Кавкази ци колонизаторон политикӕ хаста, уой критикӕ кӕнун; ӕлдӕртти, бонгинти гъӕддаг миутӕ хормӕ калун. Ӕ хуӕздӕр статьятӕ ӕма фельетонти – «Дигорские науки», «Сельская буржуазия и надельные земли», «К вопросу о временнопроживающих», «Заметки по земельному вопросу» ӕма иннети – финсуй ирон зӕнхкосгути къласон дехдзийнадӕбӕл, Иристони гъӕути бонгинтӕ мӕгур адӕми куд ӕнсӕндунцӕ, уобӕл. Тох кӕнуй «рӕстӕгмӕцӕргути»(уотӕ худтонцӕ ӕнӕзӕнхӕ ӕма, еудадзугон цӕрӕнбунат кӕмӕн нӕ адтӕй, еци раледзӕг адӕми) сӕрбӕл.

**Номдзуд финсӕг, театралон режиссер ӕма актер Михаил Афанасийи фурт Булгакови райгурдбӕл 3 майи ӕнхӕст кӕнуй дӕс ӕма ӕхсӕзинсӕй анзи (1891-1940). Ӕ рӕстӕги (1919-1921 анзи) цардӕй ӕма куста Владикавкази.**

*æ зæрди цалх... Мизд нæ агурдтай... Фонс нæ фæккодтай. Иссирдтай ахæстдонæ, тард, зæрондæй мæгур гъезæмарæ цард!..» Гаппо ма уотæ дæр фæдзахста: «Культурæ дзиллитæ уæхæн искурдиадæ финсæг сæ уæлнихти хæссунцæ... Æ хузæ алли хæдзари уидæ, æ номбæл скъолатæ аразиуонцæ...»*



Æ тæккæ бундорондæр куст æй «Край беспросветной нужды». Хъæбæр лæмбунæг си равзурста, зæнхи 'гъдауæй Терки зилди хуæнхаг адæм ци уавæри æнцæ, уой. Цæголи-фурт æрцудæй уæхæн хатдзæгмæ: хуæнхбæсти цæргутæй айдагъ 14 процентæн сæ бон æй «фингæбæл æрбадун», иннæ 86 проценти æнцæ «уæлдай цъухтæ». Æма финсæг гъæддухæй домуй уонæн зæнхæ раттун.

Иристони зæнхитæбæл ци бонгинтæ æрбадтæнцæ, уони нихмæ дзоргæй, Цæголи-фурт хуарз лæдæрдтæй, гъайгъай, зæнхæ барвæндонæй зæнхкосгутæн ке нæ ратдзæнæнцæ. Фал ин æ финститæ ка кастæй, етæ уæхæн хатдзæгтæ кодтонцæ: зæнхæ байсун гъæуй тухæй.

Цæголти Геуæрги адтæй революцион демократий зундирахастбæл хуæст, уой бон нæ адтæй рартасун пролетариати æцæг тухæ, балæдæрун, айдагъ пролетариати бон ке æй æхсæнадон цард райййевун. Нæ финсæг æ бæлдитæ, æ нифс баста зæнхкосгути хæццæ, уони революцион æзмæлди хæццæ.

Цæголти Геуæргий публицистикæ лæууй Иристони революцион-демократон гъуддæгутæ æвдесæг хуæздæр уадзимисти æмрæнгъæ. Æвардта æ рæстæги тæккæ актуалондæр фарстатæ æма сæ лух дæр кодта адæми бæлдити сæрбæлтау æма пайдæйæн.

Зундгонд æй, Цæголти Геуæрги е 'мдзæвгитæ æма радзурдтæн æхуæдæг уоййасæбæл устур аргъ ке нæ кодта, е. Фал махæн æ аййевадон исфæлдистадæ дæр æ публицистикæй минкъийдæр цæмæдессаг нæй. Уогæ ин æнхæстæй аргъ искæнун нерæнгæ дæр ма зин æй, уомæн æма æнхæстæй æмбурдгонд нæма 'й, æхе загъдау, фесавдæй «зæронд газетти цъæпæрати».

Аййевадон уадзимистæ дæр финсун райдæдта публицистики хæццæ еу рæстæги. Æ фиццаг æмдзæвгитæ æма радзурдтæ фæззиндтæнцæ 1895 анзи. Æ прозæй финститæ къохи нæма бафтудæнцæ: финст ин ка нæ фæцæй, еци роман-фельетон «В Болотинске», абæргути тухххæй финст цæмæдессаг романæн æ райдайæн æма еуцалдæр радзурди – «хузтæ», «миниатюритæ». Прози дæр æма поэзий дæр дзубанди цæуй, публицистики ци фарстатæ æвæруй, уонæбæл. Уотæ загъта æхуæдæг: прозæ æма поэзимæ бавналдта, æ гъудитæ æма æнкъарæнтæ 'й хуæздæр æма бæлвурддæр равдесун ку 'рфæндæуидæ, уæд.

Æ поэзий нисанеуæг исбæлвурд кодта æ программон æмдзæвгæ. Уадзимис исхудта «Вместо предисловия». Æнахур æй æмдзæвги истори. Арæзт æй дууæ хаййемæй: сæ еуемæй инней 'хсæн рацудæй дæс æма инсæй анзей бæрцæ. Поэти сорæт Цæголи-фурт æвдесуй будуйраг толдзи хузи. Æмдзæвги фиццаг хаййи еци толдзæ – еунæг, æ сæр æркъолæ 'й, цума рæхисæфтуд адæймаг æй.

*Он тоскует и вздыхает,*
*Думы ветру поверяет.*
*И скрипит… скрипит… скрипит…*

Æмдзæвги дуккаг хай финст æрцудæй Октябри революций фæсте. Толдзæ байгас æй, исхуæстæй æ къабæзтæбæл.

*Живет он и ликует*
*И юной бодростью кипит.*

Адæми рист æма зиндзийнадæ равдесун, адæми амонди сæрбæлтау маст райсунмæ фæдздзорун – уæхæн ихæс æвæруй Цæголи-фурт æ поэзий рази. (Æмбурдгонд «Осетинские мотивы»). Поэт уарзта æ райгурæн бæстæ, æ хуæнхон æрдзæ. Хуæнхон æрдзи хузтæ æвдесуй хъæбæр дæсни, уæлдайдæр аци æмдзæвгити – «Ночью в горах», «В Дигории». Æ зæрдæмæ хъæбæр арф гъаруй хуæнхон æрдзи рæсугъддзийнадæ:

*Это ты здесь живешь и царишь, красота!..*
*Это ты, колыбель вдохновенья!*

Æцæгæйдæр, рæсугъд æнцæ æрдзи хузтæ, етæ зæрдæн æхцæуæндзийнадæ дæттунцæ, фал æрдзæ дæр мæгур тухст лæгæн адæ нæ кæнуй, уомæн æма ин æ æрдзи хай дæр бонгинтæ нæ уадзунцæ. Етæ иронх нæ 'нцæ поэтæй, æма, æрдзи кой кæнгæй дæр, фулдæр мæтъæл зæрдиуагæй фæдздзоруй. Райсæн æмдзæвгæ «Рассказ дигорца». Аци рауæн хуæнхти хонуй цъæх къæдзæхти æдзард денгиз; Ирæф имæ зиннуй хелаги хузæн, кæци æзнæт зур-зургæнгæ, фæллæсуй арф къардеуи бунти.

Фал адæм тухст ке 'нцæ, уой поэт айдагъ карз æрдзи фуд нæ кæнуй. Хуæнхаг лæги уæззау карни сæйраг фуд æй социалон æнæрастдзийнæдти. Социалон лæдæрундзийнадæ, фæллойнæгæнæг хуæнхаг лæги æгъатирæй эксплуатаци кæнунцæ æлдæрттæ, бонгинтæ æма пaddзахи администраци – е æй Цæголи-фурти поэзий сæйраг медес.

Е 'мдзæвгити æмбæлæн мæгур хуæнхæгти хумæтæги сорæттæбæл. Мæнæ Иналухъ устур тухсти бахаудтæй: æ хуми тиллæгæй неци æрзадæй. Нур ци фæууодзæнæй?

*… Сиди, не евши по три дня,*
*Свисти в кулак и жди со страхом,*
*Когда нагрянет старшина…*
*Все… все возьмут, пустив с сумою,*
*Не пощадят рахис святой,*
*Вдобавок пригрозят тюрьмою…*
(«ИНАЛУК»)

Мæтъæл, сæргубур æй Гугъо («На нихасе»). Æ бон дзорун дæр нæй.

Цума ци кæнуй? Поэт æй комкоммæ нæ зæгъуй, фал Гугъой тухсти рæуæнттæ еу æма дууæ нæ 'нцæ: гъæуихецау – цъухххæсæг, бонгин æвзиститæ кæнуй мæгур лæги минкъий мортæ байсунæй, хецау – æрахæссунæй...

Поэт æвдесуй (æмдзæвгæ «Рассказ дигорца») хуæнхаги тар карнæ. Æ фидæ зæйи буни фесавдæй, мадæ Ирæфи багæлста æхе. Мади сорæт уæлдай тухгин æнкъарæнтæй æма хузтæй æвдист æй аци æмдзæвгæ. Седзæргæси сагъæстæбæл кæми дзурдæуй, еци бунæттæмæ кæсгæй, зæрдæ нигъгъæрзуй. Æгомуг фонси хузæн куста, фал уæддæр æхе æма æ бæдоли уодеркæвзуни фагæ амал кæнуни фадуат ин нæ адтæй... Цард ин цард нæбал æй, аци рохс дуйне ниуудзун – хуæздæр... Фал мæлун дæр зин æй. Æнамонд уосæ æ мæлæти хуæздæрмæ нæбал æфсæдуй æ гъæуи, æрдзи, хори уиндæй. Уæддæр æдзард дуйнемæ æ бæдоли æ хæццæ «райсун» æ бон нæ бацæй. Хуæрзбон зæгъуй æ бæдолæн. Æ биццеуи ном ма фæззæгъуй æ мæлæти размæ. Поэтикон æмдзæвгити ритм, бæлвурд детальтæ, æрдæгæскъуд зæгъдтитæ – етæ еугурæйдæр поэтæн æнцæ вазуггин меддуйне æцæгæй равдесуни фæрæзнæ. Силгоймаги мæлæти хабар зæрдæ уæлдай хъæбæрдæр ниррезун кæнуй, поэт нин, уæхæн цау æстæн ке нæй, уой ку фæззæгъуй, уæд. («Урух! Урух!.. Немало ты здесь принял в недра вод холодных детей суровой нищеты, раздетых, сирых и голодных»).

Æфхуæрд хуæнхаг силгоймаги хъисмæт æвдесуй æмдзæвгæ «Невестке-осетинке» дæр. Сагъæс, цæрæнбони уодхар æнгъæлмæ кæсуй ирон кизгæмæ.

Цæголи-фурт æвдесуй, еугур еци гъезæмæртти фудгин ка 'й, уони дæр – æвдесуй адæми æфхуæргути. Сатирикон æмдзæвгæ «Темболат»... Бонгин, сæудегергæнæг, тукæнттæдарæг Темболат бадуй е 'вæрæнтæбæл. Айдагъ æхцатæ имæ нæййес римæхст – еу кирæ байдзаг æй векселтæй: «Сколько власти, сколько горя тот сундук в себе таит! Захочу – и вмиг застонет весь огромный наш аул... Вексель – сила... Нет такого, кто б пред ним спины не гнул...» Хецауадæ дæр – уой фарс, кадæ дæр – уомæн. Еугурæйдæр си тæрсунцæ, æнцæ ин лигъстаг. Бонгинæн æвдист цæуй айдагъ æ социалон игакæ нæ, фал æ психологон рахаст дæр.

Поэт æ уадзимисти, адæми æма уонæн се 'знæгти æвдесгæй, карзæй æвæруй фарста, куд цæронцæ адæм идарддæр. Æма æ еугур поэзийæй дæттуй уæхæн дзуапп: адæм гъæуама тох кæнонцæ сæ бартæбæл. Æмдзæвгæ «Иналук»-и кæсæн:

*Эх, спи, оборванный, голодный!*
*Не просыпайся, если сон,*
*Зовущей к жизни нас свободной,*
*Ты явью сделать не рожден!*

Нæ зæрдæбæл нин æрлæууын кæнуй ирон адæми национ хъæйтар Чермени (æмдзæвгæ «На нихасе»). Иннæ уæхæн – Хъудайнат, адæми сæрбæлхуæцæг («Месть певца»). Е æзгули кæнуй адæми, цæмæй исистонцæ, æфсойнæ сæбæл ка исæвардта, уони нихмæ.

Хъудайнати тухххæй поэми революцион рахаст хумæтæги нæ адтæй. Æ бундори ес XIX æноси 70-аг æнзти æхсæнадон цард. Уæд рабайлæгъ æй уруссаг фæллойнæгæнæг дзилли иссæребарæ кæнуни змæлди æртиккаг фæлтæр. Еци рæстæги Ленин исаразта «Цæдес косæг кълас иссæребарæ кæнуни сæрбæлтау». Фæззиндтæнцæ Горькийи фиццаг уадзимистæ. Хъудайнати фæдздзурдтитæ Максим Горькийи «Уарийи зарæгимæ» райгъустæнцæ еу рæстæги. Уонæми дæр адтæй революцион æскъуæлхтдзийнади романтикæ.

Зартæгæнæг-мастесæгти, адæми сæрбæлдзорæги сорæт уинæн, Цæголти Геуæрги Къостай тухххæй ци æмдзæвгæ ниффинста, уоми дæр. Аци уадзимис Геуæрги бакастæй цитгин ирон поэти цирти уæлгъос 1906 анзи апърели сахар Владикавкази.

Рохсдæр исонибонбæл æууæндуй Цæголи-фурт, æ еци æууæнкæ уотæ федар адтæй, æма фиццаг уруссаг революци ке фегуппæг æй, е дæр æй сагъæси нæ бафтудта. Мах зонæн, еци цау интеллигенцийæй хъæбæр берети мæти ка бафтудта, фал Цæголи-фурт уонæй нæ разиндтæй. Нифс æвардта лæмæгътæн, æууæндтæй, рæхги æносон хъæдамантæ уæддæр ке ниссæтдзæнæнцæ дзиллæ («Море сбросило оковы» 1908 анзи), разæнгард кæнуй размæ, рохс нисанмæ федарæй цæунмæ, дзурдта, æрдæгнадбæл æрлæууæн нæййес, зæгъгæ («Вперед!» 1908 анзи). 1910 анзи финст æмдзæвги («Прометей») ба имæ уотæ 'й:

*Пусть проходит время…*
*Пусть мелькают годы…*
*Верю я: настанет лучезарный час…*
*Разомкнутся цепи…*
*Грянет гимн свободы…*
*И не будет стона… И вздохнет Кавказ.*

Къостай хузæн Цæголти Геуæрги дæр æй мæгур хуæнхаг адæми, Иристони зæнхкосгути зартæгæнæг. Æвæдзи, гъе уомæн нæ балæдæрдтæй райдайæни пролетарон революций рахаст æма медес. Октябри тумугъти кæми ци цæуй, уой нæ рартаста. Фал революций хуарзи фæстеугутæ ку фæууидта, уæд цийнæгæнгæй æхе банимадта революций фарс.





Цийнæ кæнуй нæуæг Иристонбæл, райгурæн бæстæ фæййервазтæй æносон цагъардзийнадæй, цæуй нæуæг цардарæзти надбæл («Осетия» 1934 анзи). Хъæбæр зæрдрохс гъуддаг æй, ирон хуæнхаг силгоймаг æ бартæ ке райста æма исфæлдистадон фæллойнæмæ ке рацудæй, е («Женщине» 1932 анзи).

Поэт цæмæдесæй кæсуй дуйнемæ, æ гъос даруй дуйнеуон пролетариати тохмæ æма æууæндуй, ке иссæребарæ уодзæнæнцæ япойнаг косæг дæр æма американ негр дæр.

Фал нæ финсæгæн æ хъауритæ бафехсудæнцæ. Раздæри тохи цард ин бахуардта е 'нæнездзийнадæ. Фæстаг æнзти Геуæргийæн æ бон нæбал адтæй нæуæг цардаразгутæн сæ тухгиндæрти хæццæ æмцуд кæнун, кæд еци царди сæрбæлтау æ сæр нивондæн равардта, уæддæр. Уогæ уотемæй дæр æ финсун нæ нииуагъта. Байдæдта финсун имисуйнæгтæ – рæстæги агъазиау æвдесæн. Куд цардæй, куд тох кодта, ке хæццæ æмбалдæй...

Цаутæ, гъуддæгутæ, зæрди сагъæстæ царди гургъахъ нæдтæбæл – гъæздуг æма цæмæдес æнцæ махæн æ имисуйнæгтæ. Уордигæй нæмæ уодæгасæй разиннуй финсæгæн æхе сорæт, æ цард æма æ тох æнæгъæнæй дæр.

**СУМЕНАТИ Зоя,**
**1971 анз.**

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

*Куд зонæн, уотемæй Цæголти Геуæрги æ уадзимистæ фулдæр финста уруссаг æвзагбæл. Абони си кæцидæрти мухур кæнæн, ци æвзагбæл сæ финста, уобæл, кæцидæрти ба дигорон æвзагмæ тæлмацгондæй.*

**Композитор, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Нинæ Андрейи кизгæ Карницкаяйи райгурдбæл 5 майи æнхæст финддæс æма фондзинсæй анзи (1906-1983).**

***Иосиф СТАЛИН: «Не 'фсади хуæрзæгъдаудзийнади бундори уавæр æй, не-муцаг æфсæдти цæхуæн æй, уомæй бæрзонддæр, уомæн æма е гъæуай кæнуй æ Райгурæн бæстæ æцæгæлон знæнхаг тухæсгутæй æма федарæй æууæндуй æ гъуддаги рæстдзийнадæбæл...***


ДЗУСАТИ Ибрагим (галеуæрдигæй) æма Александр Покрышкин (рахесæрдигæй). 1974 анз.





# ФИДИБÆСТÆ Е 'ХСАРГИНДÆРТИ ЦИТГИН КОДТА КАДИ НОМÆЙ!..

АВД ÆМА цуппаринсæй анзей размæ, 1934 анзи 16 апърели ССР Цæдеси Центрон æнхæстгæнæг комитети унаффæй нисангонд æрцудæй нæ бæсти цитгиндæр хуæрзеуæг – Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном. Уæдæй фæстæмæ е лæвæрд цудæй, цардаразæн гъуддæгути уæлдай агъазиау æскъуæлхтдзийнæдтæ æма æхсардзийнадæ кæмæн бантæстæй, еци хецæн адæймæгутæ æма коллективтæн.

Советон Цæдеси фиццаг Бæгъатæртæ иссæнцæ, Чукотки денгизи ехи уацари ци ехкъæртгæнæн науæ «Челюскин» бахаудтæй, уой экипаж ка фæййервæзун кодта, еци авд намусгин тæхæги. 1934 анзи апърелæй 1941 анзи майи кæронмæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном лæвæрд æрцудæй 626 адæймагемæн.

Устур Фидибæстон тугъди дзамани тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти тухххæй 11600 адæймагемæй фулдæр райстонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Фæстугъд Бæгъатæрти номхигъдмæ хаст æрцудæнцæ космонавтти, тæхгути–фæлваргути, Афганистани æма æндæр рауæнти тугъдтити фескъуæлхæг адæми нæмттæ. Советон Цæдеси Бæгъатæри ном кæмæн равардтонцæ, еци 12700 адæймагемæй 127 адæймагемæн кадгин ном исаккаг кодтонцæ дууæ хатти, Советон Цæдеси Маршæл С. Буденныйæн, уæдта авиаций маршæлтæ Александр Покрышкин (нæкæси, тугъди рæстæги æ командир адтæй не 'мзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Дзусати Ибрагим) æма Иван Кожедубæн – фæйнæ æртæ хатти, Советон Цæдеси Маршæл Георгий Жуковæн ба – цуппар хатти.

Иристойнæгтæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном исаккаг кодтонцæ 76 адæймагемæн (уонæй 35 – ирæнттæ æма дигорæнттæ). Не 'мзæнхонтæй дууæ адæймагемæн – легендарон æфсæддон разамонæг, æфсадн инæлар Плити Иссæ æма инæлар-майор Иван Фесинæн ба аци кадгин ном равардтонцæ дууæ хатти.

Уæдта ма еу ахсигæ гъуддаг. Ахид рацæуй дзубанди, кæци адæмихæттитæй фулдæр адæймæгутæ иссæнцæ Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, уобæл. Уой фæдбæл дæр бæлвурд æвдесæнтæ минкъий нæййес. Зæгъæн, 1982 анзи Мæскуй рацудæй киунугæ «Политическая жизнь страны». Æма уоми бæлвурдæй амунд цæуй, кæци адæмихæттитæй, сæ бæрцæмæ гæсгæ, цал минæваремæн лæвæрд æрцудæй еци кадгин ном.

Иристойнæгтæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном фиццаг (1940 анзи 21 мартъий) райста Остъати Алексей. Финнаг тугъди рæстæг тæхæг, хестæр лейтенант Остъай-фурт службæ кодта 58 авиаполки. 1940 анзи мартъий райдайæнмæ æхсаргин тæхæг æнтæстгинæй исæнхæст кодта дæс æма инсæй тугъдон бардзурди. Устур Фидибæстон тугъди дзамани авиаэскадрилий командир, майор Остъати Алексей гъæуай кодта Мæскуй уæларв. Уæлдæфон тугъдтитæй еуеми 1942 анзи 7 январи бæгъатæрæй фæммард æй.

Иристойнæгтæй Советон Цæдеси дуккаг Бæгъатæр (1940 анзи 7 апърели) иссæй, финнаг тугъди цалдæр хатти фескъуæлхæг, артиллерион батарейи командир, хестæр лейтенант Карсанати Хъазбег. Фæстæдæр Хъазбеги исæвардтонцæ реактивон минометти дивизий командирæй.

Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Цæгат Иристони минæвæрттæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном фиццаг (1942 анзи 16 мартъий) райста елхоттаг лæхъуæн, Цæгат-Нигулæн фронти 163 дивизий æсгаргути хайади хестæр командир, хестæр сержант Милдзихти Хадзимурзæ. Знаги фæскъилдуни тугъдон бардзурд æнхæст кæнгæй, æвзугъд æфсæддон пулеметтæй ниццагъта 108 гитлерони, фæццæф æй, фал æ тугъдон ихæслæвæрд кæронмæ исæнхæст кодта.

Хъазауатон лæгæвзарæнтæн нифферазгæй, знаги нихмæ федар ка фæллæудтæй æма Райгурæн бæсти сæребарæдзийнадæ ка багъæуай кодта, еци адæми тугъдон æскъуæлхтдзийнæдтæ абони фæсевæдæн кæддæриддæр удзæнæнцæ фæнзуйнаг. Рæстæгутæ нин нæ цардиуагæмæ цийфæнди æййивддзийнæдтæ ку хæссонцæ, уæддæр нæмæ нæ фидтæлти хузæн зунди æма нифси хъаурæ гъæуама разинна, æма багъæуай кæнæн нæ адæми, нæ Фидибæсти намус æма кадæ.

## ПЛИТИ ИССÆ

Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Мангoли Адæмон Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Александри фурт Иссæ райгурдæй 1903 анзи 23 ноябри, Зæронд Батæхъойгъæуи, хумæтæг зæнхкосæгти хæдзари. 1922 анзи барвæндонæй бацудæй Сурх Æфсадмæ, æма æ рæнгъити фæццудæй намусгин надбæл – сурхæфсæддонæй æфсади инæлари уæнгæ.

1926 анзи каст фæцæй Ленингради тугъдон бæхгинти скъола. Краснодари хуæнхон нацити тугъдон бæхгинти скъолай адтæй эскадрони командир. Уой фæсте ахур кæнунмæ бацудæй Фрунзей номбæл тугъдон Академимæ æма 'й 1933 анзи каст фæцæй æнтæстгинæй. Уæди рæстæгути куста Мангoли Адæмон-революцион æфсади унаффæгæнæг-агъазгæнæгæй. Уой фæсте командæ кодта полкæн. 1939 анзи архайдта Нигулæн Украинæ æма Нигулæн Белорусси исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити.

Устур Фидибæстон тугъди райдайæнæй æ кæронмæ Иссæ фæцæй тохæг æфсади. Немуцаг-фашистон лæборгути нихмæ тохи æхе равдиста æхсаргин, искурдиадæгин тугъдон разамонæгæй. Бæхгин æфсади дивизий, корпуси, бæхгин-механизацигонд къуари командир уогæй, архайдта Мæску багъæуай кæнуни, Сталинград исуæгъдæ кæнуни карз тугъдтити, Курски къæлæти.

1941 анзи Советон Æфсади рæнгъити иристойнæгтæй фиццагидæр инæлар-майори цин райста Плити Иссæ. Инæларболкъон Плийи-фурт 1945 анзи япойнаг самурайти нихмæ тугъди командæ кодта советон æма мангoйлаг æфсæдти бæхгин-механизацигонд къуарæн. Плийи-фурт 1962 анзи иссæй æфсади инæлар.

Райгурæн бæстæ аккаг аргъ исkодта Плити Исси устур лæгдзийнадæ æма тугъдон æскъуæлхтдзийнадæн. Е иссæй Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, хуарзæнхæгонд æрцудæй Ленини æхсæз орденемæй, Октябри революций орденæй, Сурх Турусай æртæ орденемæй, Суворови 1-аг къæпхæни орденæй, Кутузови 1-аг къæпхæни орденæй, берæ майдантæй, фæсарæйнаг паддзахæдти хуæрзеугутæй. Лæвæрд ин æрцудæй Мангoли Адæмон Республики Бæгъатæри ном.

1979 анзи 6 февраали Иристони адæми намусгин хъæболæ, Плити бæгъатæр Иссæ рахецæн æй æ цардæй. Æвæрд æрцудæй Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи, уоми ин ес мемориалон циртдзæвæн. Дзæуæгигъæуи ма ес æ номерæн циртдзæвæнтæ, æ ном хæссуй гъæунгæ.

## ХЕТÆГКАТИ ГЕУÆРГИ

Æфсади инæлар Хетæгкати Ивани фурт Геуæрги (Габо) райгурдæй 1903 анзи 25 апърели, Зæрæмæги гъæуи. Сæ гъæуи скъолай каст фæцæй цуппар къласи, уæдта косун райдæдта.

1919 анзи барвæндонæй бацудæй керменистти къуармæ æма архайдта уорсгвардионти нихмæ тугъдтити.

1922 анзи каст фæцæй Пятигорски фестæгæфсæддон къурситæ, 1926 анзи ба – Киеви тугъдон скъола. Службæ кодта Идард Хорискæсæни. Архайдта китайаг милитаристти нихмæ тугъдтити. 1938 анзи каст фæцæй Тугъдон артиллерион къурситæ æма 'й исисан кодтонцæ полкки артиллерий хецауæй.

Устур Фидибæстон тугъди æнзти корпуси артиллерий, уæдта бабæй æфсади штаби хецау уогæй, болкъон Хетæги-фурт архайдта Мæску багъæуай кæнунбæл тугъдтити. Уæд ин лæвæрд æрцудæй инæлар-майори цин.

1945 анзи 6 апърели Геуæргийæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, иссæй инæлар-лейтенант, æма 'й исисан кодтонцæ 29-аг гвардион æхсæг корпуси командирæй. Архайдта Берлин байсунбæл тугъдтити.

1945 анзи августи Хетæги-фурт, 59-аг æхсæг корпуси командир уогæй, архайдта япойнаг самурайти нихмæ тугъдтити, уæгъдæ кодта Маньчжури æма Цæгат Корейæ. 1949 анзи каст фæцæй Тугъдон академий уæлдæр къурситæ. Командæ кодта æфсæдти Цæгатттаг къуарæн, Прибалтики æфсæддон зилдæн, адтæй ССР Цæдеси гъæуайкæнуйнади Министради Генералон инспекторти къуари.

Хетæги-фуртæн устур кадæ адтæй æфсæдти дæр, уæдта нæ бæсти игъустгонд æфсæддон архайгути 'хсæн дæр. Номдзуд Г. Жуков уотæ финста: «Зонун æй, ССР Цæдеси Министрти Совети Сæрдар А.Н. Косыгин цалдæр хатти æ фарс уидæ, цæмæй ин лæвæрд æрцудайдæ маршæли ном, фал нерæги уæнгæ дæр нæ зонун, еци гъуддаг ке фудæй хъæргонд æрцудæй. Рæстæг уæхæн адтæй...»

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти тухххæй ин лæвæрд æрцудæй Ленини æртæ ордени, Октябри революций орден, Сурх Турусай фондз ордени, Суворови, Кутузови ордентæ, фæсарæйнаг хуæрзеугутæ.

Дзубанди дæр ибæл нæййес, Хетæгкати Геуæргийæн уæлдай кадæгонд цæуй æ райгурæн Иристони: нæ дзиллæ ин æ ном исæносон кодтонцæ адæмон зартæй, æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу, уой райдайæни хæдзæрттæй еуей фарсбæл æвæрд æй къæйдорæй мемориалон фæйнæг.

*Æгириддæр секкаг нæй е дæр, æма нæ Фидибæстæ гъæуай кæнуни зундирахаст, – нæ адæм ба уой сæрбæлтау тох кæнунцæ, – гъæуама æнæмæнгæ исæвзурун кæна æма æцæгæйдæр æвзурун кæнуй не 'фсади бæгъатæртæ...»*











## МАМСУРАТИ ХАДЖИ-УМАР

Инæлар-болкъон Мамсурати Джиори фурт Хаджи-Умар райгурдæй 1903 анзи Ольгинскийи гъæуи 1918 анзи барвæндонæй бацудæй Сурх Æфсади рæнгъитæмæ. Архайдта граждайнаг тугъди. 1924 анзи каст фæцæй тугъдон-политикон скъола. Адтæй партион-политикон кусти, командæ кодта Сурх Æфсади хæйттæн. 1937-1938 æнзти Испаний тох кодта фашистон змæнтгути нихмæ. Майор Мамсури-фурт, болкъон Ксантийи номæй архайдта Мадрид багъæуай кæнунбæл, франкистти фæскъилдунмæ парахат кодта партизанти змæлд, разамунд лæвардта республиконти разведки кустæн.

Устур Фидибæстон тугъди архайдта Ленинграды, Хонсар-Нигулæни, Воронежи æма Украинаг фицдаг фронтти. Куста партизанти змæлд рапарахат кæнунбæл.

Фицдаг Украинаг фронти 2-аг гвардион бæхгин дивизий командир уогæй, фескъуæлхтæй Берлин байсунбæл тугъдтити. Дрездени 'рдæмæ æмпурсгæй, инæлар-майор Мамсури-фурти дивизи устур зиантæ искодта фашисттæн. Знаги фæскъилдунмæ архайгæй, исуæгъдæ кодта дууæ концентрацион лагери. Уоми адтæй 15650 уацайраги æма ахæст адæм.

Советон Цæдеси Бæгъатæри ном исаккаг кодтонцæ Мамсури-фуртæн 1945 анзи 24 майи. Æфсади инæлар Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр Павел Баров уотæ финста: «Мæ дæргъвæтийнæ царди дæргъи æз берæ цæмæдессаг адæймæгутæбæл исæмбалдтæн, фал уонæй, æвæдзи, айдагъдæр еунæг адæймагмæ адтæй нисанмæ арæзт æма знаги нихмæ тохи æвæллайгæ æргъудидзийнади искурдиадæ – е адтæй инæлар Мамсурати Х.Д».

Тугъди фæсте Мамсури-фурт каст фæцæй Генералон штаби Æфсæддон академи. Командæ кодта дивизийæн, корпусæн, æфсадæн.

1957 анзæй фæстæмæ куста Генералон штаби бæрнон бунати. 1962 анзи иссæй инæлар-болкъон. Партий рæнгъитæмæ бацудæй 1924 анзи. Разæнгардæй архайдта æхсæнадон-политикон царди. Æвзурст цудæй партион æма советон оргæнтæмæ.

Е 'стур æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин исаккаг кодтонцæ Ленини æртæ ордени, Сурх Турусай фондз ордени, Кутузови, Суворови, Фидибæстон тугъди ордентæ, фæсарæйнаг паддзахæдти хуæрзеугутæ. Мамсурати Хаджи-Умар рамардæй 1968 анзи. Сахартæ Дзæуæгигъæу æма Гознай æ номбæл ес гъæунгтæ.

## АБАЙТИ ÆХСАРБЕГ

Абайти Мæхæмæти фурт Æхсарбег райгурдæй сахар Дигорай, 1923 анзи 12 декабри. 1942 анзи августи имæ фæдздзурдтонцæ Советон Æфсадмæ. Æ фицдаг тугъд адтæй нæхемæ, сахар Дзæуæгигъæу гъæуайгæнгæй. 1943 анзи дуккаг гвардион фестæг æфсæддон дивизий рæнгъити архайдта Цæгат Иристон, Кубань, Тамани æрдæгсакъадах исуæгъдæ кæнуни тугъдтити. Иссæй хайади командир, 1943 анзи 2 ноябри, десантти уогæй, фиццæгти хæццæ рахизтæй Керчи æрдæгсакъадахмæ. Дууæ бонемæ Абай-фурт ниццагъта 92 фашисти, уонæй фарастей лæгæй-лæгмæ тугъди. Еци æскъуæлхтдзийнади туххæй Æхсарбегæн 1944 анзи 16 майи лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Цæмæй ин еци кадгин ном лæвæрд æрцудайдæ, уой туххæй бавдист гæгъæдий Тамани дивизий командир болкъон В.С. Александров финста: «Дууæ тохгæ бонемæ Абай-фурт мæрдтæмæ барвиста 32 фашисти, уонæй ба 9 лæгæй-лæгмæ гъæбесхуæстæй, æма уотемæй еугурей разæй ислæгарста 175,0 бæрзæндæмæ. Багъæуаги рæстæги бавдиста агъазиау лæгæхсарæ æма бæгъатæрдзийнадæ, уомæ гæсгæ ба 'й нимайæн аккагбæл, цæмæй ин лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном…»

Абай-фурт идарддæр тох кодта Украини, Польший. Бахъæрдтæй Берлинмæ.

Устур Фидибæстон тугъди фæсте гвардий хестæр сержант исæздахтæй Иристонмæ. Куд дзорунцæ, уотемæй æ нийерæг мадæ имæ кæсунæй дæр не 'фсастæй, цæбæлти рафарстайдæ, уой дæр æнхæст нæ лæдæрдтæй. Фал æй уæддæр еу усми ба рафарста, æ фуртæн æ реубæл ци Сугъзæрийнæ Стъалу адтæй, уомæ райамонгæй:

– Аци Стъалу ба дин, биццеу, цæй туххæй исаккаг кодтонцæ?

– Знаги ке ниддæрæн кодтан, уой туххæй! – сæрустурæй дзуапп равардта Æхсарбег.

Фæцæй тугъд, æма, цæмæй сабур цард æ кеми æрцудайдæ, уой туххæй гъудæй хъазауатонæй фæллойнæ кæнун, уомæн фадуæттæ нæуæгæй арæзун. Æма Абайти бæгъатæр тугъдон æвæллайгæй архайдта еци гъуддаги дæр, куста сахар Дигорай алли хæдзарадон кустити.

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй ин исаккаг кодтонцæ Ленини æма Фидибæстон тугъди фиццаг къæпхæни ордентæ, майдантæ.

Абайти Æхсарбег рамардæй 1982 анзи 13 майи. Æ ном хæссуй сахар Дигорай гъæунгтæй еу.

## СЕРГЕЙ БАТЫШЕВ

Советон Цæдеси Бæгъатæр Сергей Батышев райгурдæй 1915 анзи Рязани облæсти Кадоми гъæуи. Астæуккаг скъола каст фæууни фæсте бацудæй Мæскуй машинæаразæн институтмæ. Институти фæсте æрвист æрцудæй сахар Дигорамæ, адтæй гъæууонхæдзарадон техникуми математики ахургæнæг. 1939 анзи службæ кодта æфсади. Уой фæсте каст фæцæй полкки скъола, афицерти къурситæ. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд Сергей архайдта Мæскуй æма Сталингради бунмæ карз тугъдтити.

1944 анзи æй иснисан кодтонцæ 545-аг фестæгæфсæддон полкки батальони командирæй, лæвæрд иин æрцудæй майори цин. Волински облæсти гъæутæ Звинячейи æма Ощеви Сергейи батальони тугъдонтæ равдистонцæ агъазиау бæгъатæрдзийнадæ. Бауорæдтонцæ фашистти тухгин размæмпурст æма син ниддæрæн кодтонцæ сæ тугъдон техникæ. Ниццагътонцæ 150 немуцаг салдати æма афицери, ниддæрæн кодтонцæ 2 танки, дзармадзани. Уацари райстонцæ 24 фашистон салдати æма афицери. Батальони тугъдонтæ ма байстонцæ знæгти хуæцæнгæрзти æвæрæнтæ.

Аци бæгъатæрдзийнадæ æма лæгдзийнади туххæй Сергей Батышевæн 1944 анзи лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном. Еци кадгин ном ин радтуни фæдбæл бавдист гæгъæдий куд финст адтæй, уотемæй Волыни облæсти Горохови районы гъæутæ Звиняче-Ощеви алфамбулай знаги фæдæрттæ батонуни тугъдтити майор Батышев бавдиста агъазиау гъæддухдзийнадæ, бæгъатæрдзийнадæ æма нифсхастдзийнадæ. Тугъдон ихæслæвæрд райсгæй, е нифсхастæй æ батальон фæрразæнгард кодта знаги федæрттæмæ бампурсунмæ… 1944 анзи 13 июли еци еунæг бонмæ ниддæрæн кодтонцæ 150 фашисти, 2 дзармадзани, 2 танки, 3 бронетранспортери, уацари райстонцæ 24 гитлерони æма хуæцæнгарзи агъазиау скълад.

Уой фæсте ма Батышев архайдта Польшæ знæгтæй иссæребарæ кæнуни карз тугъдтити.

Майор Батышев 1945 анзæй фæстæмæ адтæй запаси. Царддæй Мæскуй. Адтæй педагогон наукити Академий академик. Зæрдиагæй архайдта фæсевæди æфсæддон-патриотон гъомбæлади. Æ бæгъатæрдзийнади туххæй Сергей Батышевæн лæвæрд æрцудæй Ленини, Сурх Турусай, Фæллойнадон Сурх Турусай, Александр Невскийи, Устур Фидибæстон тугъди фиццаг æма дуккаг къæпхæни, Сурх Стъалуй ордентæ æма майдантæ.

## БИЦАТИ СЕРГЕЙ

Советон Цæдеси Бæгъатæр Бицати Владимири фурт Сергей райгурдæй 1922 анзи 15 майи сахар Дигорай. Ахур кодта астæуккаг скъолай, уæдта Дигорай гъæуонхæдзарадон техникуми. 1939 анзи бацудæй Дзæуæгигъæуи аэроклубмæ. 1941 анзи æй рарвистонцæ Краснодари тугъдон авиацион скъоламæ. Æнтæстгинæй æй каст фæцæй 1943 анзи.

Немуцаг хуæдтæхгути нихмæ фиццаг тохи бацудæй еци анз, июли мæйи, Ленинграды фронти. Авиацион звеной командир уогæй, тухтæй Волхови, Прибалтики æма Белоруссий фронтти. Тугъди æнзти Бицай-фурт ракодта 263 тахти æма уæлдæфон тугъдтити æхуæдæг æргæлста знаги 16 хуæдтæхæги. 1945 анзи 13 августи ин Советон хецауадæ исаккаг кодта Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Устур Фидибæстон тугъди ци бæгъатæрдзийнадæ равдиста, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Сурх Турусай дууæ ордени, Фидибæстон тугъди дууæ ордени. Уой уæлæнхасæн ма цалдæр хатти райста Сæйраг Командæгæнæги Арфи гæгъæдитæ. «Лейтенант Бицати Сергей Владимири фурт тугъди рæстæг æхе равдиста арæхстгин æма бæгъатæр тæхгæй, адтæй ин устур кадæ е 'мбæлтти 'хсæн.

Бицай-фурт ци звенойæн дæттуй разамунд, е нимад æй тæхæг хайии тæккæ раззагдæрбæл. Фидибæстон тугъди рæстæг 263 хатти ке архайдта уæлдæфон тугъдтити æма æхуæдæг еунæгæй знаги 16 хуæдтæхæги ке 'ргæлста, уой хæццæ ба ма устур лæгæхсарæ ке равдиста, уой туххæй æй аккаг кæнæн, цæмæй ин лæвæрд æрцæуа Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

1945 анзи 18 майи полкки командири курдиади фарс рахуæстæй 2-аг Белоруссаг фронти командæгæнæг, Советон Цæдеси Маршæл К.К. Рокоссовский, æма тæккæ еци бон ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Бицати Владимири фурт Сергейæн исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Тугъди фæсте Бицай-фурт идарддæр службæ кодта авиаций, æ зонундзийнæдтæ æнæвгъауæй лæвардта кæстæр фæлтæрæн. Уонæй беретæ айдагъ дæсни тæхгутæ не 'ссæнцæ, фал ма си цалдæр ба иссæй тæхæг-космонавттæ дæр.

Бицати Сергей æ тæккæ лæги кари ку бацудæй, уæдта ибæл æртæфстæнцæ æ уæззау незтæ æма 1962 анзи 26 мартъий рахецæн æй æ цардæй.

Сахар Дигорай Бицати Сергейи ном хæссуй гъæунгæ.

***Юридикон наукити кандидат ДЗИДЗОЙТИ Мухарбег: «Цæголти Геуæрги адæми цардмæ хæстæг лæуд адтæй, æхе цæститæй æй уидта фæллойнæгæнгути гъезæмæрттæ æма мæститæ. Уидта, кавказаг адæмти хуæздæртæ, рæстзæрдæ адæймæгутæ, бустæги æвудæй, айдагъдæр цъуххæсгути ардудмæ гæсгæ куд æфхуæрд цудæн-***



# «АДÆЙМАГ АЛКÆДДÆР ГЪÆУАМА РАСТ ГЪУДДÆГУТÆ КÆНА!..»

## Гулути Андрейи имисуйнæгтæ Цæголти Геуæргий туххæй

***Цæголти Михали фурт Геуæргий æмдзæвгити æмбурдгонд «Осетинские мотивы» («Ирон мотивтæ») æз бакастæн Октябри революций агъоммæ, 1908-1909 æнзти. Геуæргий æмдзæвгитæ хъæбæр фæццудæнцæ мæ зæрдæмæ. Берети си базудтон, киунугæмæ æнæ кæсгæй дæр, раст радзорун. Уæлдай хъæбæрдæр мæ зæрдæмæ фæццудæй æ зундгонд æмдзæвгæ «На могиле Коста Хетагурова». Еци рæстæги æз ахур кодтон Æрæдони семинари, некæд адтæн Дзæуæгигъæуи (нур сахар Орджоникидзе), æма мæмæ уотæ кастæй, «Ирон мотивтæ»-йи автор, – поэт Цæголти Геуæрги, – æ фæуууинунмæ ин хъæбæр кæмæ бæлдтæн, е, æвæдзи, Дзæуæгигъæуи цæруй, зæгъæ.***

КУД МА гъуди кæнун, утемæй Геуæргий хæццæ базонгæ дæн 1915 анзи. Уæд адтæн Дзæуæгигъæуи æма фембалдтæн Æмбалти Цоцкобæл. Цоцкой зудтон, Æрæдони ку ахур кодтон, уæдæй фæстæмæ. Загътон ин, Цæголти Геуæргий фæуууинун мæ хъæбæр фæндуй, зæгъæ. Цоцкомæ хуарз фæккастæй мæ фæндон æма мин уотæ бакодта:

– Хуарз, тæккæ аци бон дæ æз фæххондзæнæн Цæголи-фуртмæ, æрлæуун дæ кæндзæнæн æ цæхæрцæстити разi! Фæххудта ма Геуæргий фатермæ, Цæголи-фурт уæд цардæй Малорождественская гъæунги (нур Ирон литератури музей кæми æй, уордæмæ хæстæг).

Геуæргий фатермæ ку бацудан Цоцкой хæццæ, уæд е исистадæй стъоли разæй æма нин райарфæ кодта. Цоцко мин загъта:

– Мæнæ дин, фæуууинунмæ кæмæ бæлдтæ, е æхуæдæг – финсæг Цæголти Михали фурт Геуæрги.

Мæн ба исхудта æригон поэт, Хетæгкати Къостай номбæл газет «Терек»-и æмдзæвгæ "У могилы Коста", зæгъæ, ка ниффинста, е.

Геуæрги кæми цардæй, еци уат адтæй унгæг æма мæгургомау арæзт. Берæ нæ фæцан Геуæргимæ, уайтæккæ дæр рацудан. Цæбæл дзубанди кодтан уæд, уой дæр нур хуарз нæбал гъуди кæнун. Айдагъдæр ма гъуди кæнун Геуæргий дзубанди, Къостай номбæл ци æмдзæвгæ ниффинстон «У могилы Коста», зæгъæ, уой туххæй. «Де'мдзæвгæ дзæбæх финст æй, ес дæмæ ацъагъуæ æма дæхебæл фулдæр косæ», – загъта мин Геуæрги. Уæдæй фæстæмæ зудтон Геуæргий æма ибæл æмбалдтæн ахид.

Ку ибæл исæмбæлинæ, уæд мин берæ фæдздзоридæ, Октябри революций агъоммæ ци гъезæмæрттæ фæккодта æма ци уæззау цард бавзурста, уой туххæй. Дзурдта, Стъараполи дини семинарий Помяловскийи уадзимистæ ке кастæй, уой туххæй æй куд рацох кодтонцæ семинарийи 1-аг къласæй.

– Хъæбæр зин мин адтæй, мæ ахурæй мæ ке рахецæн кодтонцæ, фал уæддæр мæ къохи бафтудæй хуæдахурæй мæхе бацæттæ кæнун, астæуккаг ахурдзийнадæ райсун, – дзурдта Геуæрги.

Геуæргий дзубандитæмæ гæсгæ, е берæ фæккуста алли прогрессивон газеттæ æма журналти редакцити æмкосæгæй. Куста Дзæуæгигъæуи, Калаки, Петербурги, мухур кодта статьятæ, очерктæ, æмдзæвгитæ, фельетонтæ. Паддзахи ахæстдони дæр фæббадтæй æ финстити туххæй.

Геуæрги мин уотæ радзурдта: «Калаки ку цардтæн, уæд æрцудæй уæхæн цау: Дзиуиттæгтæ исаразтонцæ съезд (цæй фæдбæл арæзт адтæй съезд, уой æз нæбал гъуди кæнун – Г.А.). Съездмæ æрæмбурд æй берæ адæм алли сахартæй. Æз æрвист адтæн съездмæ газети редакций корреспондентæй, ниффинстон статья съезди кусти туххæй. Редакци æй рауагъта. Иннæ газеттæ съезди туххæй неци ниффинстонцæ. Æма дессаг адтæй! Газети тираж уайтæккæ фæххæлеу æй, æлхæнунмæ 'й нæбал ирдтонцæ газеткæсгутæ. Съезди ка архайдта, етæ мæбæл æрæмбурд æнцæ æма мин арфитæ кодтонцæ».

Аци хабар дæр Геуæрги æхуæдæг ракодта. Куд ма гъуди кæнун, утемæй е революций агъоммæ уруссаг символисттæ-декадентти зингæдæртæй еуей – Федор Сологубæй загъта: «Бакастæн ин е 'мдзæвгитæ æма си неци балæдæрдтæн». Геуæрги рафинста æмдзæвгитæ æма сæ равдиста газети редактормæ, цума уомæ ба куд фæккæсдзæнæнцæ, зæгъæ. Редактор сæ ку бакастæй æма е дæр, неци си лæдæрун, зæгъæ, ку загъта, уæд ин Геуæрги уотæ бакодта: «Мадта си æз дæр неци лæдæрун, æма кæд уотæ 'й, уæд мин ме статья ниммухур кæнетæ газети». Редактор базудта, уаци Федор Сологуби æмдзæвгитæ критикæгонд ке цæунцæ, уой æма нæбал исарази æй уац рауадзунбæл. Загъта: «Не 'мдзæвгити уæддæр цидæр гъудитæ ес».

Геуæрги куд радзурдта, утемæй Калаки адтæй еуминкъий хуæрæндонæ. Уордæмæ хуæрунмæ цудæнцæ æхцайæй æнхæст ка нæ адтæй, уæхæн адæм. Хуæрæндони еу къуми, стъолбæл, уарзонæй æвæрд адтæй деденгутæй фæлуст гурдзиаг зундгонд финсæг Александр Казбегий хузист. Хуæрæндони хецау неке уагъта стъоли размæ – а устур кадгин бунат æй, ами Александр Казбеги бадтæй, зæгъæ.

Революций агъоммæ Геуæрги куста циуавæрдæр хъазахъаг журнали редакций Петербурги æма мизд иста хъæбæр минкъий, æхе æма æ бийнонти дарунæн дæр ин фагæ нæ кодта.

– Утемæй, – дзурдта Геуæрги, – исфæндæ кодтон мæхе рамарун. Рацудтæн цæугæдон Невай билæмæ, ислæудтæн хедбæл æма фæккастæн донмæ. Хъæбæр зин адтæй дони мæхе багæлдзун æма утемæй рамæлун. Раздахтæн фæстæмæ...

Геуæрги куд загъта, утемæй революций агъоммæ, е æ уадзимистæ финсун æма мухур кæнун ку байдæдта, уæд разиндтæй уæхæн ирон «интеллигенттæ» дæр, кæцитæ дзурдтонцæ: «Ес нæмæ еу ирон поэт Хетæгкати Къоста. Е нин фагæ адтæй. Цæмæн нæ гъæуй æндæр поэт – циуавæрдæр Цæголи-фурт?»

– Дессаг мæмæ фæккастæнцæ уæхæн æнæзунд дзубандитæ, – загъта Геуæрги. Советон хецауади фиццаг æнзти еухатт Геуæргий хæццæ бадтæн Дзæуæгигъæуи бульвари. Æрбацудæй нæмæ Арсæгти Горга. Бафарста Геуæргий:

– Ести финсис, Геуæрги Михали фурт?

Е ин уотæ бакодта:

– Финсгæ бæргæ кæнун, фал мин мæ финститæ нæ мухур кæнунцæ.

– Ка сæ нæ мухур кæнуй?

– Журнал «Горский вестник»-и редакци.

– Мадта дæ финст мæнмæ радтæ, æз æй редакцимæ бахæсдзæнæн.

Æз куд зонун, утемæй Геуæрги æ легендæ «Два пастуха» равардта Горгамæ æма 'й æнæгъæнæй рауагътонцæ «Горский вестник»-и.

Геуæрги ниффинста Серго Орджоникидзей номбæл æмдзæвгæ æма 'й равардта Къосирати Сæрмæтмæ, фæххæссæ, æй редакцимæ. Гъæуама, дан, æй газети рауадзонцæ. Сæрмæт Геуæргийæн куд радзурдта, утемæй редактор не 'сарази æй æмдзæвгæ ниммухур кæнунбæл, циуавæрдæр дзурд, дан, си нæ лæдæруй, уæдта, дан, цæмæдæр гæсгæ дзурд «правда» æмдзæвги æ зæрдæмæ нæ фæццудæй.

Геуæрги бафарста:

– Редактор ирон æй æви уруссаг?

Сæрмæт загъта, уруссаг, дан, æй.

– Мадта зæгъетæ редакторæн: е 'взаг хуарз нæ зонуй, уæдта нæмæ советон газет «Правда» дæр мухургонд цæуй, е алкæмæн дæр зундгонд æй, – загъта Геуæрги.

Геуæргий æмдзæвгити æмбурдгонд «Ирон мотивтæ»-йи 1907 анзи мухургонд æрцудæнцæ уæхæн æмдзæвгитæ:

*... На повороте мы... Могучею волною*
*Нас скоро вынесет к заветным берегам,*
*Туда, где нет цепей, где подлою пятою*
*Палач не осквернит свободу дивный храм.*

Фарстон Геуæргий:

– Паддзахи карз цензурæ куд рауагъта уæхæн революцион æмдзæвгитæ?

– Рауагъта сæ! Мæхуæдæг дæр дес фæккодтон, куд сæ рауагътонцæ, уобæл, – загъта Геуæрги.

Геуæргий хæццæ кустон Хуæнхон республики адæмон комиссариати. Номхигъд исаразтан, ирон æвзагмæ раййевун ци аййев уадзимистæ гъæуй, уонæн. Номхигъди адтæй Бичер-Стоуи зундгонд уадзимис «Хижина дяди Тома», зæгъæ, уой дæр. Рохсади комиссариатæй еу бæрнон косæг нæ арази кодта киунугути номхигъдмæ еци уадзимис бахæссунбæл, киристон дини менеугутæбæл финст æй, зæгъгæ. Геуæргимæ уæхæн цæстингас раст нæ фæккастæй, – киунугæ «Хижина дяди Тома», дан, негрти сæ уæззау цардæй исуæгъдæ кæнунбæл дзоруй, æма, дан, æнæгъæнæ дуйнейæн дæр зундгонд æй. Ескæд, дан, æхуæдæг балæдæрдзæнæй æ рæдуд.

Еске Геуæргий поэт ку исхонидæ, уæд зæгъидæ:

Æз поэт нæ дæн, æз журналист, публицист дæн. Ме 'мдзæвгитæ дæр мæнæн журналистикæ, публицистикæ 'нцæ.

Поэт Малити Геуæргий хæццæ цубур рæстæги адтан Ирцæдеси инструктортæ-практиканттæ. Рарвистонцæ мæ Ирцæдеси коопераций бухгалтерти хæццæ Æрхонки станици туканмæ ревизи кæнунмæ, равардтонцæ нин командировки æхца дæр, куд ма гъуди кæнун, утемæй цалдæр миллиони (уæд æхца миллионгай лæвардтонцæ). Рандæ дæн Æрхонкæмæ. Бапъиростæ æлхæнун мæ багъудæй, лæвардтон æхца тукани хецаумæ. Е æхца райсун нецæй туххæй бакумдта æма мин равардта утемæй бапъиростæ. Адтæн æригон инструктор æма хуарз нæма зудтон хинцæнтæбæл нимайун. Бухгалтертæ мин загътонцæ:

– Кæд нимайун хуарз нæ зонис, уæд цо Дзæуæгигъæумæ (æвæдзи сæ хъæбæр дæр нæ фæндæ адтæй, æз сæ хæццæ куд адтайнæ, е). Рацудтæн надмæ, æнгъæлмæ кастæн, Дзæуæгигъæумæ ка цæуй, уæхæнмæ. Берæ фæккастæн. Уалинмæ бæхуæрдунæй надбæл рацудæй Сикъойфурт. Æрлæудтæй, исбадæ, зæгъгæ, мæмæ фæдздзурдта. Дзæуæгигъæумæ мæ исхъæртун кодта. Лæвардтон ин æхца, фал е, цитæ дзорис, Андрей, зæгъгæ, æ бæх æрцæфтæ кодта æма рандæ 'й. Мæ миллионтæ æнæгъæнæй мæхемæ байзадæнцæ. Бацудтæн Ирцæдеси къассирмæ. Загътон ин, Æрхонкæй ке раздахтæн, ке неци исхарз кодтон æма æхца фæстæмæ ке æрбахастон.

– Е дин цанæбæрæг зин гъуддаг æй, ниффинсæ, гъе уойбæрцæ исхарз кодтон, – загъта къассир, – æма цæйбæрцæ ниффинсай исхарз кодтон, зæгъгæ, уойбæрцæ райсдзæнæ.

– Неци исхарз кодтон æма æхца райсун мæ бон нæй, – загътон ин æз.

Е æхебæл исхуæстæй: мадта, дан, дæ куд фæндуй, уотæ. Æз имæ мæ миллионтæ балæвардтон æнæгъæнæй. Банимадта сæ къассæмæ фæстæмæ лæвæрд æхцабæл. Утемæй ба мæ дзиппи еу къапекк дæр нæбал адтæй æма мæ бийнойнаги хæццæ нæ фатери æнæ 'хцайæй байзадан.

Аци даргъ хабар уой туххæй ракодтон, æма 'й уæд Цæголти Геуæргийæн радзурдтон. Æма мин уæд е уотæ загъта:

– Хуарз бакодтай, Андрей. Кæддæриддæр уотæ кæнун гъæуй. Адæймаг алкæддæр гъæуама раст гъуддæгутæ кæна!..

...Нур дæр ма мæ зæрдæбæл лæуунцæ, Цæголи-фурт, мæ хæццæ дзубанди кæнгæй ци гъудитæ загъта, уонæй еуæйеуетæ:

***

***Зæнхæбæл рæстдзийнадæй хуæздæр неци ес, æма адæймаг кæддæриддæр æма кæмидæриддæр гъæуама рæстдзийнадæбæл дзора.***

***

***Нæ Райгурæн бæсти цъетегун хуæнхтæ идардæй рæсугъд фæззиннунцæ, фал сæмæ уæлæмæ ку иссæуай, уæд хъæбæр уазал æма карз æнцæ.***

***

***Поэтæн силгоймаг уарзуни туххæй финсун уоййасæ пайда нæй, финсун гъæуй адæми зиндзийнадти æма адæми цард фæххуæздæр кæнуни туххæй.***

**Республикæ Дагестан: «Советон Цæдеси Бæгъатæр Ризван Башири фурт Сулейманови райгурдбæл 5 майи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-2000).**

*цæ, куд сæ æрахæссиуонцæ æма сæ куд рарветиуонцæ каторги рауæнтæмæ – «Чечень» – сакъадахмæ, Сибирмæ, Уæрæсей цæгагубернитæмæ... Æ уацтæй цалдæреми карзæй критикæ кодта пъæлици æма тæрхонгæнæн оргæнти архайд. Бæлвурд æвдесæнтæ æрхæсгæй, равдиста уони æгæнон галеу, æдзæсгом миутæ..."*

***Финсæг уотæ ку гъуди кæна, мæ уадзимистæ мин гъæуама иннети уадзимистæй бæрзонддæр бунати æвæронцæ, зæгъгæ, – е финсæгæн хуарз æнкъарæн нæй.***

***

***Оригиналон финсæг исуон, зæгъгæ, уомæ туххæйти тундзун нæ гъæуй. Кæд искурдиадæгин финсæг дæ, уæд дæмæ оригиналондзийнадæ æхуæдæг æрцæудзæнæй.***

***

***Поэт иннæ искурдиадæгин поэтти æмдзæвгитæ æ зæрдæбæл ку бадара æма сæ, æнæ киунугæмæ кæсгæй, ку радзора, уæд еци поэтæн е æй æцæг поэти менеугутæй еу.***

***

***Еуæй-еу адæймаг зингæ æхсæнадон бунат ку фæйййахæссуй, уæд дæлдæрти нæбал фæууинуй. Фал æй æ бунатæй ку исесунцæ, уæд дæлдæрти райдайун уинун.***

***

***Хетæгкати Къоста, гъай-гъай, устур поэт æй. Е ’мдзæвгитæ «Иссякла мысль», «Тяжело» мæ зæрдæмæ хъæбæр цудæнцæ, революций агъоммæ уæззау царди туххæй финст æнцæ, зæгъгæ. Фал ку базудтон, силгоймаг уарзуни фæдбæл финст æнцæ, уой, уæд мæ зæрдæмæ уотæ нæбал цудæнцæ.***

***

***Алли финсæгæн æ бон роман ниффинсун нæй. Ку ’й ниффинса, уæддæр ин нæ рауайдзæнæй. Роман ниффинсуни искурдиадæ кæмæ ес, æрмæст уæхæн финсæг ниффинсдзæнæй роман.***

***

***Устур финсгутæ ес æма минкъийдæр финсгутæ нæ гъæунцæ, зæгъгæ, уæхæн гъуди раст нæй: устурдæртæ æма минкъийдæртæ – алке дæр си æхердигонау равдесуй царди фæззелæнтæ.***

***

***Фæууй уотæ дæр: – финсæг ниффинсуй критикон статья æма ’й ниммухур кæнуй. Уæдта имæ уотæ кæсун байдайуй, цума е статьяй гъудитæ раст нæ адтæнцæ æма е статья фендæрхузон кæнуй. Уотемæй ба æ фиццаг финсти гъудитæ раст фæуунцæ.***

***

***Большевиктæ (коммунисттæ) раст нæ балæдæрдтæнцæ К. Маркси ахурадæ, зæгъгæ, ка фæззæгъуй, уæхæнттæ дæр разиннуй. Фал етæ дзæгъæл дзубандитæ 'нцæ. Большевиктæ хъæбæр раст балæдæрдтæнцæ Маркси ахурадæ.***

Æ рамæлунмæ хæстæг Геуæрги ниффинста агъазиау поэмæ «Здесь и там». Поэмæ адтæй финст уруссагау (æ уадзмистæ сæ еугурдæр уруссагау финст æнцæ; дигорон диалектбæл айдагъдæр еу æмдзæвгæ ниффинста – «Дацци, Дацци»). Æз бакастæн къохфинстæй Геуæргий фæстаг поэмæ.

Куд ма гъуди кæнун, уотемæй æ сæйраг гъуди адтæй уæхæн: советон адæми цард берæ хуæздæр æй Америки адæми цардæй. Поэмæ не ’рцудæй мухургонд. Ци фæцæй, е абони дæр бæрæг нæма 'й.

Æ цард æма е ’хсæнади кусти туххæй Геуæрги ниффинста имисуйнæгтæ. Етæ абони дæр къохфинстæй лæуунцæ Цæгат Иристони наукон-æртасæн институти архиви.

Æвæдзи, ескæд мухури рацæудзæнæнцæ, æма киунугæкæсгутæ лæмбунæгæй базондзæнæнцæ зингæ финсæг Цæголти Геуæргий цард æма исфæлдистадон нади хабæрттæ.

***1966 анз.***




# КАДÆНГИТИ ЦÆРУЙНАГ



**БАЗОРКИН Идрис,**
(1910-1993)
Мæхъæли адæмон финсæг

ÆЗ МЕ ’мбæлтти хæццæ – Ардасенти Хадзибатæр, Хъазбегти Хъазбег æма Хъайтухъти Геуæри хæццæ – Цæгат Кавкази Дуккаг педагогон институти ку ахур кодтан, уæд нин кастæнцæ еу хуарз предмет – бæстæзонуйнадæ. Институти адтæй бæстæзонæн музей дæр, разамунд ин лæвардта профессор Пожидаев. Е адтæй, æ предмет берæ ка уарзта, Кавказ хъæбæр хуарз ка зудта, уæхæн адæймаг. Æ кабинети нин нæ адæмти этнографи, литературæ æма аййевади туххæй лекцитæ кастæнцæ профессортæ Æлборти Барис, Дзагурти Губади, ахургæнæг М. Мальсагов æма иннетæ.

Нæ райгурæн æрдзи туххæй нин зæрдибунæй дзурдта Мария Павели кизгæ Преображенская. Е адтæй æвæллайгæ, дæсни альпинист. Æ мæхъæлон æмбæлццон – надамонæг Яни Бузуртанови хæццæ е еуæндæс хатти исхизтæй Сæнай хонхи цъопмæ.

Махæн, хуæнхаг адæми цæуæтæн, уæд фиццаг хатт ахурмæ байгон æнцæ нæдтæ æма еци разагъди адæймæгути фæрци цæмæдесæй ахур кодтан нæ фидтæлти бæсти рæсугъддзийнæдтæ уинун æма уарзун. Мах лæдæрдтан, еци бæстæ алкæд уотæ сæребарæ ке нæ адтæй, уой. Хуæрзæрæги дæр ма хуæнхаг адæм тох кодтонцæ æрдзи сау тухти нихмæ, æгудзæгмæ сæ ка æртардта, еци æхсæнадон цардæвæрди нихмæ, бунæттон æма æрцæуæг æфхуæргути нихмæ.

Еунæг хотухти æнхусæй нæ цудæй тох. Хъæбæр пайда адтæй æхседгæ дзурд. Е седтæй дзиллитæмæ, хормæ калдта æдзæсгон, галеу миутæ, царди цъумурдзийнæдтæ, æвдиста, фæллойнæгæнгути исæфтмæ ка æркодта, еци хуæдхуæцæг паддзахи æма æ фæсдзæуинтти цæсгон.

Хуæнхаг интеллигенций тæккæ номдзуддæртæй еу адтæй ирон финсæг æма æхсæнадон косæг Цæголти Геуæрги. Уой ном фиццаг хатт фегъустан, минкъий раздæр ке кой искодтон, еци ахургæндтæй.

Æ циргъзунд, медесгун уац «Край беспросветной нужды»-й Геуæрги хъæбæр нифсхастæй радзурдта е ’мбæстаг хуæнхаг адæми барти сæрбæл, карзæй истох кодта Уæрæсей паддзахи колониалон политики нихмæ. Цæголи-фурт берæ æвдесæнтæ æрхаста хуæнхаг адæми мæгур цардæй, хъæбæр раст син исхузæ кодта сæ хъисмæт, сæ бæллецтæ, сæ тох. Кавкази ци уавæр исæвзурдæй, уоми тæккæ фудгиндæр адтæнцæ паддзах æма æ лæггадгæнгутæ.

Институт каст ку фæдтæн, уæд косунмæ рандæ дæн мæхъæли тæккæ рæбуйнагдæр гъæутæй еуемæ – Хамхини интернатмæ. Еци гъæу адтæй хуæнхти тæккæ дæлбазур, райдзаст дæлвæзи.

Мæ кусти фиццагидæр бакæнуйнагбæл банимадтон, скъоламæ цæун афонæ кæмæн æй, еци сувæллæнттæбæл æрзелун æма сæбæл номхигъд исаразун. Уомæ гæсгæ мæ æрзелун багъудæй Мæхъæли еугур хуæнхаг гъæутæбæл дæр. Раст мæмæ еци æнзти фæззиндтæй мæ райгурæн Мæхъæли адæмæн естæмæй банхус кæнуни бæллец. Уомæ гæсгæ скъолай кустæй уæлдай ма мæ гъос дардтон мæхъæли этнографи, истори, адæмон исфæлдистадæ, æвзаг, топонимикæ æма материалон культури еугур фарстатæмæ дæр. Еци гъуддæгутæ кæнгæй мæ зæрдæбæл æрлæудтæй, Цæголти Геуæрги XX æноси райдайæни Мæхъæли хуæнхти уавæр ци публицистикон уаци равдиста, е...

Е адтæй 1933 анзи. Мæхъæлон зæронд лæгти хæццæ дзубанди кодтон, æма мин етæ радзуртонцæ уæхæн хабар. Æригон, дан, ку адтан, уæд нæмæ ардæмæ, хуæнхтæмæ, иуазæгуати æрбацудæй еу ахургонд ирон лæг. Гъæутæбæл, дан, зилдæй æма адæми фарста, куд цæрунцæ, куд косунцæ, ци гъæуæгтæ æййафунцæ, уонæбæл. Цидæриддæр, дан, фегъосидæ, уони финста, æ реуи дзиппи римхæстæй ке дардта, еци киунуги. Æ хæццæ адтæй, хуæнхбæсти цардиуагæ хуарз ка зудта, еци дзамани, еугур Кавкази дæр дзурддзæугæ лæгбæл нимад ка адтæй, еци Яни Бузуртанов. Яни ирон лæги худта æ иуазæг æма ин æнхус кодта тæлмаци гъуддаги, кенæ æндæр естæмæйти.

Еци хабæрттæ мин фиццаг хатт ракодта Салгийи гъæуккаг Белан Эльжаркиев. Е хуæнхбæсти æ рæстæги нимад адтæй тæккæ кæрдзиндæттондæр лæгтæй еуебæл. Сæ гъæу уæхæн рауæн æвæрд адтæй, æма бæлцæнттæй еу дæр еци рауæн æнæ æрфусунгæнгæ нæ фæцæй. Иуазгутæн æгасцо зæгъун, цæнхæ æма сæ кæрдзинæй исиуазæг кæнун гъæуи цæргутæ нимадтонцæ устур кади гъуддагбæл. Салгийи гъæуæй идарддæр рандæ ун ке фæндæ уидæ, е ба æ изæр бахассидæ Эгикали гъæумæ. Ами дæр мин ракодтонцæ еци ирон лæги кой. Белан ци хабар кодта, уой ма фегъустон Газдиев Шахботæй. Еци рæстæг ибæл цудайдæ 60 анземæй фулдæр. Арæхстæй уруссагау дзорунмæ дæр. Базудта æй Дзæуæгигъæуи губернатори гъæуайгæнæгæй ку куста, уæд.

Ирон иуазæги ма гъуди кодта Бæрæхи гъæуккаг зæронд лæг Барахоев Хату дæр. Ирон биццеу, дан, адтæй хъæбæр бæгъатæр, уомæн æма, дан, хуæнхæгти гъезæмарæ уавæри туххæй æ гъаст бахæссунмæ гъавта паддзахæн æхемæ.

Мæнæй уæд федарæй баруагæс æй, еци лæг æнæмæнгæ Цæголти Геуæрги ке адтæй, е.

Уой фæсте уавæртæ уотæ рауадæнцæ, æма мин поэти хæццæ исæмбæлуни фадуат нæбал фæцæй. Фадуат мин ку фæцæй, уæдта Геуæрги æгас нæбал адтæй. Абони дæр мæ зæрдæ ресуй, æ фæууинун мин ке нæ бантæстæй, уобæл.

Цалдæр анзей размæ, «Æности тарæй», зæгъгæ, еци роман финсунвæндæ ку искодтон, уæд зæронд тетрæдти 'хсæн иссирдтон, Белан, Шахбот æма Хатуй дзурдтæй ке ниффинстон, еци хабæрттæ.

Революций размæ ирон интеллигенций уæхæнттæ берæ адтæй, æфхуæрд хуæнхаг адæми бартæбæл, уæлдайдæр ба мæхъæли фæллойнæгæнгути бартбæл нифсхаст æма æргомæй ка дзурдта.

Мæ адæми царди еци догæ æвдесгæй, мæ бон нæ адтæй мæ романи уæхæн цаутæ нæ раргом кæнун, уомæн æма е æй нæ адæми хæлардзийнади хъæбæр хуарз æвдесæн. Уомæй идарддæр æз берæ хæттити гъуди кодтон, хуæнхаг адæмбæл уотæ æновуд ка адтæй, уойбæрцæ хуæрзти син ка бацудæй, еци лæги ном арфи дзурдтæй иссерунбæл. Æма мин фенхус æй, уæлдайдæр ци хабари кой кодтон, е. Адæмон таурæхъти аккаг ка иссæй, еци ирон лæги фæлгонцæй испайда кодтон мæ романи. Æма кæд мæ бон федарæй зæгъун нæй, еци лæг Цæголти Геуæрги æй, зæгъгæ, кæд мæмæ уой туххæй фагæ æвдесæнтæ нæййес, уæддæр ибæл гурусхæ некæд кодтон. Уомæ гæсгæ мæ романи хъайтари дæр исхудтон Геуæрги, æ муггаг ба ин барæй нæ ниффинстон. Æз байархайдтон мæ хъайтари Цæголти Геуæргий менеугутæй фæххайгин кæнунбæл. Уой туххæй рагацау фæдздзубанди кодтон æ кизгæ Марийи хæццæ. Мæ романи испайда кодтон Цæголи-фурти æмдзæвгитæй дæр. Никки ма мæ фæндæ адтæй нæ адæмти ’хсæн хæлар рахастдзийнæдтæ равдесун – сауæнгæ еци талингæ æнзти дæр мæхъæл ирон иуазæги уотæ кæми исбоц кодтонцæ, е, æвæдзи, берæ гъуддæгутæбæл дзорæг æй.

Æхцæуæн мин адтæй, критиктæ мæ романи еци хаймæ сæрмагондæй сæ гъос ке æрдардтонцæ, е. Цалдæр анзей размæ еци хаййи скъуддзаг мухургонд æрцудæй «Мах дуг»-и.

Геуæргий фæлгонц, æ еугур архайд, æ еугур менегутæй, ка ’й зонуй, бустæги Цæголи-фурти хузæн нæй, фал æй уæддæр еци лæгмæ гæсгæ исаразтон, хъазар мин æй æма ’й, æвæдзи, бахæсдзæнæн романи дуккаг киунугæмæ дæр. Уомæй мæ зæрди æй райарфæ кæнун, ирон дзурддзæугæ лæгтæн, хуæнхаг адæми сæрбæлтау æ цард нивондæн ка 'рхаста æма абони таурæхъти цæруйнаг ка иссæй, еци гуппурсартæн.

***1971 анз.***

**Кæсæг-Балхъари Республикæ: Медицинон наукити доктор, профессор, Кæсæг-Балхъари наукæ æма техники æскъуæлхт архайæг Беслан Сафарбийи фурт Нагоевбæл 8 майи æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи.**

***Профессор, историон наукити доктор ТОТОЙТИ Михал: «Цæголти Геуæрги æ исфæлдистади уæлдай фулдæр æргом æздахта аграрон фарстатæмæ. Æ агъазиау кустбæл банимайун æнгъезуй, Иристони хуæнхаг адæми ‘хсæн зæнхæ куд дехгонд æй æма си ка цæхуæн уавæри æй, уой туххæй æ очерктæ (рацудæнцæ 1912 анзи). Цæголи-фурт***



## ÆЦÆГÆЛÆНТТÆМÆ

Æ дарæси бугъзуртæ ци тухтони баст адтæнцæ, уой æ къохмæ æрбайста:

– Нæ мадæ, дзæбæхæй изайæ! Цæун афонæ мин æй, кенæ ба хуæдтолгæмæ байрæги кæндзæнæн!

Зæронд уосæ æ бунатæй фестадæй.

– Фæндараст, мæ бæдолæ! Хуцауи иуазæг уо! Дæ нийиерæг мади ма феронх уо! Хуцауи барæ дæхе бакæнæ. Ами гъæуи де ‘фсарæ, дæ кадæ нæ багъæуай кодтай, сахари æй уæддæр багъæуай кæнæ... Мацæбæл тухсæ, дæ зæрдæмæ маст æгъæр ма есæ. Алцидæр Хуцауæй аразгæ ‘й. Зин дин ку уа, – фæстæмæ раздæхæ дæ фидиуæзæгмæ. Адæм ходæнтæ, куддæриддæр сæ фæндуй, уотæ. Хуцауи зæрдæ дæбæл ма фæхходæд, – мæн зæрдæ дæр дæбæл нæ фæхходдзæнæй. О, мæ зæрдтагон бæдолæ!

Зæронд мадæ æ бæдоли æ реубæл ниттухта.

– Ма тæрсæ, мæ мадæ! Æригонæй гъæла адтæн, нур мæ сæри зунд бацудæй. Нур æй балæдæрдтæн, адæми рæстдзийнадæ æма æфсарæ ци ‘й, уой... Нæ фесæфдзæнæн... Хуцауæй боз... мæ дуйæ къохи ма мæ уæле ‘нцæ... Фæстæмæ гъæумæ æздæхæн ба мин нæбал ес. Мæ бон нæй, нæ мадæ! Аци гъæуи цæрун мин цирти хуссуни хузæн иссæй, игъаугидæр мин си нæбал ес, нæбал... Нецихузи бал раздæхдзæн фæстæмæ. Уой бæсти сахари еске горен рæбун, еске фæсдуар рамæлдзæнæн. Æцæгæлæнттæ мæмæ уæддæр зæрдхæлардæр уодзæнæнцæ.

Æригон кизгæ сабургай хæкъурц кудта æ цардæфхуæрд мади уадæлттæн, е ‘нцъулдтæ цæсгонæн ин зæрдтагон батæ кæнгæй.

– Афонæ ‘й? Фæстагмæ ма исфæразта кизгæ æма, ци къæси райгурдæй, æ сабийбонтæ зæрдигъæлдзæгæй кæми рарвиста, уордигæй æ фæстаг къахдзæф райвардта.

– Донкæ, мæ зæрдтагон, кæмæн мæ уадзис мæ зæруай бонти, æнæ дæуæй куд цардæфтауæнтæ кæндзæнæн, о, мæ хори тунæ?

Зæронд уосæ æ фæсте рацудæй æма согти кæлдæбæл æрбадгæй нигъгъарæнгæ кодта. Æ цæстисугтæ ‘й фæрсгæ дæр нæбал бакодтонцæ.

Сæ бакомкоммæ кауи сæрæй дуйæ силгоймаги сæ сæртæ радардтонцæ.

– Цума Степанидæ æ зæронди бонти цæбæл фæцæй æрдеуагæгæнæг?

– Е æ кизгæ Донки туххæй. Донкæ ин сахармæ æхе райста, е ба ами æ фæдбæл æхе маройтæ кæнуй.

– Иссирдта, æхе кæбæл мара, уæхæн! Уæллæй, еци федиссаггæнæн мæн кизгæ ку адтайдæ, уæд еци гадздзай мæхе къохтæй æ дуйæ дзиккоемæй Терки донмæ фæлластайнæ æма ‘й уордæмæ багæлстайнæ.

– Хуцауи хатирæй?

– Кизгæ кизгæй æригонбадæ фæккодта, уæдта æ зæронд мадæн æ «лæвар» æ раздарæни буни æрбахаста.

– Æма рамардæй?

– Ка?! Еци куййи бæдолæ?.. Мардæй ин рантæстæй...

– Хуцауи хатирæй, радзорай мин?.. Æ мадæ æма, дан, æй æхуæдæг сæхуæдтæ нийнод кодтонцæ.

– Хуцау сæ ралгъиста... Гъæуихецæуи фурти хæццæ искъобалæ ‘й. Гъæуихецæуи ностæ ‘й æрфæндæ адтæй. Уомæ дæр ма неке кæсуй! Фал лæхъуæн дæр куд уа – ци уа лæппо нæ разиндтæй.

– Нæ гъæуи фæсевæд ин ци фудмиутæ бакодтонцæ, еци хабар ба фегъустай? Урди над æй фæккодтонцæ, уæледарæси морæ ибæл нæбал ниуугътонцæ. Ниппалауон ин сæ кодтонцæ...

– Куд нæ ‘й фегъустон! Нæхе Ванко дæр нæмгутæн сæ хæццæ адтæй...

– Уомæй цæмæдессагдæр ма, дан, ци адтæй фæрсæй бакæсунæн. Æхуæдæг дæр ин е ‘фсæрæ дуйæ хатти ниццавта. Уой тогуомæнтæмæ бакæсунæй ходæгдæр, дан, ма ци адтæй! Ха-ха-ха! Æ зæрдæбæл æй дардзæнæй, гадздза.

– Хуцауæй боз, сахарæй ке рандæй. Сæрзелæггун фус еугур дзогæ дæр исафгæ кæнуй. Нæ гъæуи æдеугур кизгуттæ дæр ма нин фехалдтайдæ, æлгъистаг. Нур сахари æ цæрди радæ кæнæд. Уæхæнттæн уоми парахат цард ес. Нæлгоймæгтæ си – хæрхæ.

– Куд, гъома! Еци маймулимæ хæррæтт кæндзæнæнцæ? Сайтани бæдолæй аддæр – уоддæр ку нæй. Берæ рæстæг ма фæкъкъус-къус кодтонцæ дуйæ синхаги се ‘ртиккаг синхони фудкой кæнгæй.

Еци рæстæг Донкæ ба æ цуди кой кодта, вакзал æрдæмæ æ них исаразгæй. Станицæй раги райеуварс æй æма цудæй паддзахвæндагбæл. Бон дзæбæх райдзаст адтæй, æ гъарæй æрдзæ рæвдудта. Нади фæйнæфарс сауæнгæ арви кæрæнттæмæ фæццæйцудæнцæ итигъд будуртæ. Аллирдигæй игъустæй цъæрæхснæгути цъибирт. Мæргъти зæлланг зар гъостæ фæлмæн рæвдауæ кодта.

Аллирдигæй игъæлдзæгдзийнадæ, амонд, айдагъдæр кизги зæрдæмæ уонæй неци гъардта. Тæходуй, нуртæккæ бурдæн ку никкæнидæ, æ хæццæ арф мети хъæпæнтæ æрхæсгæй, æма алливарс будуртæ æмир æмбæрзт ку ‘ркæнидæ, адæймаги æ кири æ мæрддзаг æмбæрзæнæй куд нихгæнунцæ, уотæ. Уадзæ æма багъос уа мæргъти зар, уадзæ æма, Хуцауи рафæлдистæй цидæриддæр ес, уони таус баймир уа, хор мегъти буни фæууа, цъæхгон арв сау мегътæ бамбæрзонцæ. Уадзæ!

Уадзæ, æма баймируæвæг зæнхæн тухгин думгæ марой гъарæнгæ кæнæд. Цæмæн гъæуй. Уæддæр царди цæстисуг æма гъезæмарæй æндæр адæймаг ку неци æвзаруй. Раст нæ ‘нцæ, амонд ес, зæгъгæ, ка фæззæгъуй, етæ. Уæдта кæд ес, уæд кæми ‘й? Кæд æй ка æрæстæфтæй? Æхе ци мæрай баримахста? Етæ еугурдæр æнцæ дзубандитæ. Амонд нæййес. Ес айдагъдæр маст æма тухгъезæмарæ. Етæ ба ке гъæунцæ.

Æрæгиау æрлæудтæй. Мæнæ сурх уобау, æ фæсте ба над фæуурдуг кæнуй. Уой фæстейæй гъæу нæбал зиндзæнæй. Фæстаг хатт ма имæ ракастæй фæстæмæ. Цума раст армитъæпæни æвæрд æй, уотæ зиннуй. Уæртæ аргъауæн, дуйæ гæдибæласи скъолай рази, уæртæ бæрзонд акъаци, сæ цъухдзæхæрæй ирæзуй. Уæртæ ба курæнттæ. Цæугæдон, гъæдæндзæр. Уæртæ ба билгæрон, уарздзæн дæ, ракордзæн дæ, зæгъгæ, ин нифситæ кæми æвардта, е.

Æ къох ма сæбæл ракъуæрдта æма æ идарддæри нади цуди кой кодта. Идарддæр, идарддæр!.. Цæбæл ма сæ æрæфтауй æ ристæфхуæрд зæрди? Цæмæн ма сæмæ кæсуй фæстæмæ? Мæлæти зæрдрæвдудæй си ку нæ цæуй.

Æцæгæлæнттæмæ: уоми ин æнцондæр уодзæнæй. Гъо, мæгурдæйраг! Цума куд æнгъæл дæ? Æнцондæр си уодзæнæй? Мæгъа, мæгъа!

*1901 анз*

## ДУУÆ ФИЙЙАУИ

Фустæ сабуртонæ кодтонцæ цъæх кæрдæг, е ба риндзи тæккæ кæрон, æ фиййауи лæдзæгбæл æрæнцойнæгæнгæй е ‘нгæс исараста, бунæй дæлиау коми нерæнги ма æ фунæй ци гъæу игъал кæнун вæндæ кодта, уомæ.

Дæлæ коми арфи Ирæф æмпурсæнтæ кæнуй, æрра, фал, уæддæр зæрдæн уарзон Ирæф. Раст цума цæф хелагæ ‘й, уоййау æхе коми нарæги ку еуæрдæмæ фæкъкъæдзæ кæнуй, ку иннердæмæ, æмпурсæнтæгæнгæ æнсæндуй будури урух гъæбесмæ, æ развæндаг ин ци къæйдортæ кæрдуй, уони нецæмæ даргæй.

Мæнæ хуæнхаг гъæу... Бæрзонд хонхи цъæх фахсбæл сау лæкъæрди батъæппау сау даруй. Алливарс цидæр ивадхуз, талингæ ‘нгæс. Æма имæ уотæ кæсуй, цума æгæрон цъæх итигъдадæ æ реуидзаг исуолæфдзæнæй æма æ реубæл ци лæкъæрдæ нидæвдæг æй, уой еу æнтъухтæй нинтъохдзæнæй дæлиау æмир коми æрра гулфæнтæгæнæг дони гъæбесмæ. Æма ци! Уомæй сæ уавæр фулдæр фæууодзæнæй. Æгириддæр нæ. Уомæн æма гъæуи ка цæруй, уони уавæр дæр еци – еу æнгæс даруй, раст ардигæй куд лæкъæрдæхуз зиннуй, уотæ. Æгудзæг – нæхъæртондзийнадæ, уазал-салдæргъæвст, уæззау, фургуст, гъезæмарæ... Ехх, уогæ ба!

Арф ниуулæфтæй фиййау æма... Коми сæрти нийиазæлдæй æнкъард, зæрдæбæл æндзæвгæ зар. Еци зар æгъуз хонхи тегъæй ивулдæй æма, куд хæрæ мегъæ фæззигон, уотæ е ‘нкъард зæлтæй идзагæй-идзагдæр кодта еугур ком дæр: Ирæфи мæстгун уад, гъæдтæ, хумзæнхитæ, фæхстæбæл игуæрдæнтæ, гъæубæстæ, цидæриддæр си адтæй, уони еугурæйдæр. Æма алливарс æрдзæ, ци адтæй, уомæй никки æнкъарддæр, æдзарддæр хузæ райста.

Еци рæстæг коми иннæ фарс ба лæудтæй иннæ фиййау, е ‘мбал, æ нимæтходæ æ къохи даргæй, æ цийнæйдзаг ирдæнгæс цæститæй кæсгæй æгæрон цъæх арви итигъдадæмæ.

Мæнæ æвзестæнгæс уæйуг-хуæнхтæ. Цъететæ, цума уорс налмастæ еске итаугæ бакодта, уоййау цæхæртæ калунцæ мингай хузтæй. Адæймагмæ уотæ кæсуй, цума уони хурфи дæр цард æзмæлуй.

Етæ кæрæдзебæл табедзæ кæнунцæ сæумон хори гъармæ, раст цума мæйдар æхсæви уазал сæ усхъитæй сæрфунцæ, уоййау.

Алфамбулай мæргътæ цийнаг зартæ кæнунцæ, сæхе æртайунцæ сæумицъæхи рæуæртæхи.

Уогæ ба ци дессаг, ци хиццон дæ, цард! Бафсес дин си куд нæййес. Фунæйæй райгъалуæвæг коми сæрти нийиазæлдæй фиййауи цъæхснаг зар, нийфæнзтонцæ кæмттæ, гъæдтæ, æгайнæгтæ.

Е адтæй цард æхуæдæг. Зæнхæбæл скондæй цидæриддæр адтæй, уони худта размæ амондгундæр цардмæ, уæлмонцдзийнадæмæ.

Фиццаги зар дæр нæ гъос кодта. Фæззигон мегъау бæзгиндæргæнгæ цудæй, æ хæццæ бауæри содзинттæ цæвæг уазал хæсгæй.

«Мæлæт, иронхуат, æнæ исонибон!..» – етæ адтæнцæ зари сæйраг мотивтæ. Ами аллирауæн дæр ес талингæдзийнадæ. Еци талингæдзийнади цийфæнди рохс дæр нæ барттевун кæндзæнæй. Е уæлахездæр æй, уой бон дзæвгарæ фулдæр æй.

«Цæрун хуæздæр æй, æнсувæртæ! Цийфæнди гъуддаги дæр цард хуæздæр, æхсицгондæр æй!.. – азæлуй иннæ зар.

Царди итуд нæмгутæ гъæуй æмбурд кæнун, гъæуй сæ итаун, мæрæмæ хæссун. Æмæ уæд царди ауæ æхебæл исхуæцдзæнæй. Амонди алли æрдæфæн дæр ахæссун гъæуй, цæмæй исонибонмæ иссодза, цæмæй адзалхæссæг уазал фæссора æнострæмæ».

Дуйæ зари дæр æмхузон тухгин æнцæ, æмхузон агайунцæ зæрди уедæгтæ. Ка мин зæгъдзæнæй, кæци зар си фæууæлахез уодзæнæй?

Фустæ ба еуæрдигæй дæр æма иннердигæй дæр сабурхезæ кæнунцæ цъæх кæрдæгбæл.

Æма мæнæ хор дæр æ фиццаг тунтæ æрбадардта, æрбадардта æма рæвдауй райгъалуæвæг дзиллити сæумон фестад, сæ базмæлд...

*1901 анз*



Хъæрæсе-Черкеси Республикæ: Советон Цæдеси Бæгъатæр Дмитрий Александри фурт Старикови райгурдбæл 1 майи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1921-1945). Æ ном лæвæрд æрцудæй Черкески гъæунгтæй еуемæн æма поселок Кавказскийи астæуккаг скъолайæн.

*финста: «Раст цума адæймаги хъæбæрдæр нилхъевуни туххæй æрдзæ æма истори цæдес искодтонцæ, уоййау æй. Хуæнхти зæнхитæ нæ бæззунцæ адæмимуггаг хæдзарадæ исаразунæн... хуæнхти адæм судæй цагъди кæнунцæ... Цæголи-фурт æ уацти дæрæнкодта гъæууон бонгинти, æргом кодта еци тогцъирти цъумур миутæ...»*





# АБРЕК

Ночь... Старая Фатима подкладывает на потухающий огонь очага сухого хворосту, выломанного из плетня, и, подперев седую голову мозолистой и иссохшей рукой, задумывается...

Хворост вспыхивает ярким пламенем и наполняет дрожащим красным светом убогую горскую саклю.

В сакле пусто... Лишь в одном углу уныло чернеет простая деревянная кровать, а рядом с нею прячется в тени деревянное ведерко с водой... Да еще у очага лежат два небольших обрубка, которые, за отсутствием скамеек, служат для сиденья... Больше в сакле ничего не видно и нет. Беднота глядит с ее пустых углов и из всех ее многочисленных щелей.

На дворе идет дождь... Второй уже день он идет... Соломенная крыша вся пропиталась дождевой водой и не в состоянии удерживать ее, И от этого вода льется внутрь сакли так же, как и на дворе. И кажется, будто не дождь это, а кто-то плачет... Сакля будто плачет о ком-то...

На дворе дует ветер... Сильный ветер с безводных степей севера, с земли Караногая... Ветер хлопает ставней единственного окна и жалобно воет в надочажной трубе. И вой этот так уныл и протяжен, такой тоской отдается в сердце, что кажется порой, будто и он плачет вместе с убогой горской саклей, будто и ему отчего-то больно и грустно...

Фатима поднимает, наконец, седую голову.

– Вот она, жизнь... Будто кто-то, сильный и могучий, в насмешку дал ей эту проклятую долю... Муж в Сибири... Ничего не слышно о нем... Может быть, умер... Сын, единственное ненаглядное дитя ее, был тоже в Сибири и бежал... Теперь абреком стал... Бедный мальчик...

Две крупные слезинки скатываются из ее глаз и падают на горячую золу очага.

– Когда была маленькой, мать говорила ей: «Молись Фатима, Аллаху... Он счастье даст...» Я молилась и счастья ожидала... Замуж пошла... Тоже молилась всегда и всегда счастья ждала... Скоро мужа в Сибирь отправили... Казак его плетью ударил... Он выхватил кинжал и убил казака. Другие казаки сказали: грабить хотел... Его за это в Сибирь сослали... И я все молилась... Все на счастье надеялась... Сильно надеялась, так как мальчик у меня остался... Бедный мальчик.

Так как огонь на очаге снова начинает тухнуть, то Фатима опять подкладывает в него сухого хворосту... Снова вспыхивает пламя на очаге, и снова озаряет неуютную саклю красным дрожащим светом.

– Бедный мальчик... Я сама молилась и ему всегда говорила: молись Аллаху, мальчик, он счастье даст... И он тоже молился, а счастье не шло к нам, забыло про нас... Бедно жили мы... Хлеба часто не было в сакле. Сухой крошки чурека. Голодали... Трудно было... Когда мальчик маленьким был, не замечал будто... После задумываться стал... Взялся работать – ничего не выходило... Земли не было, денег не было. Нельзя у нас работать, когда земли нет и денег нет... И он воровать стал... Его за это в Сибирь послали.

А сакля все плачет, все так же льет крупные капли своих слез на земляной пол и на почерневшие от времени и копоти стены. И ветер по-прежнему голосит в надочажной трубе – северный ветер с безводных степей Караногая.

И все так грустно и уныло в сакле, таким холодом несчастья веет от всего, что плакать хочется, зарыдать всей наболевшей грудью, зарыдать и потом бросить вопль протеста в лицо всему, что ни есть на свете.

И плачет Фатима, рыдает, и вопли протеста срываются с ее старческих уст... И ей страшно становится от этого. Дух замирает, как будто летит она в бездонную пропасть. И нет уже сил удержаться от слез, хлынувших сильным потоком горечи и обиды... Да и не надо... Будь что будет... Долой моленья... Проклятье всему на свете, проклятье счастью и добру, если только они еще есть на земле... Проклятье за то, что они бегут от людей, скрываются, как ночные пугливые птицы...

Плачет старуха... Долго плачет...

Но вот ее слух улавливает какой-то легкий стук со стороны дверей. Старуха вздрагивает.

Тихо... Должно быть, ветер.

Но вот опять стук... Теперь сильнее...

Там, за дверями, кто-то есть... Там человек... Гость в такую позднюю пору не придет к бедной старухе, у которой и сухой-то чурек не всегда бывает... Великий Аллах!.. Неужели это...

Дверь отворяется, и на пороге появляется высокий, статный молодой горец...

– Мама...

– Дитя... Мальчик мой... Мой бедный мальчик...

И что-то подступает к исстрадавшемуся сердцу Фатимы... Ей хочется встать скорее, броситься на шею к сыну, прижать его к сердцу так же, как она прижимала его некогда, когда он, чистый и святой, улыбался в убогой колыбельке, играл своими нежными ручонками, смеялся своим серебряным ангельским смехом, а она напевала ему колыбельные песни и грустные песни старины.

Но... Она – горянка и хорошо знает требования сурового обычая... Она должна сдержать свои чувства...

И она сдерживает.

– Мальчик,– говорит она с видимым спокойствием.

– Ты промок... Присаживайся к огню и высушись...

Он садится.

– Мама, как живешь?

– Живу...

Он молчит некоторое время, потом опять говорит. – Аллах забыл нас.

– Молись ему, мальчик...

– Я молился...

Фатима догадывается, что хочет сказать он, и переменяет разговор.

– Ты устал... Отдохни...

– Нельзя, мама... Меня могут поймать. Я бы поел чего-нибудь.

– Бедный мальчик, сегодня я не пекла чурека...

– Ну, не беда... А ты сама кушала ли сегодня?... Я же посижу и так... Я на минутку забежал... Повидаться... Может быть, не увижусь больше... Пристав с казаками недалеко...

Мать и сын молчат некоторое время. В такие минуты трудно говорить.

– Мама! – прерывает молчание горец. – Я принес тебе денег. Мы взяли в плен двух русских... Выкуп за них хороший получили... Мне досталось пятьдесят туманов. Они мне не нужны, мама... Я для тебя их... О себе я не думаю. Я – волк теперь, зверь лесной... Я о тебе думаю... Я и в Сибири о тебе думал... Купишь себе корову... Хлеба купишь... Поживи, бедная мама, хоть раз в жизни так, как люди богатые живут...

В голосе горца слышатся слезы. Фатима тихо качает головой.

– Мое счастье – ты... Твое счастье – мое счастье... Твоя беда – моя беда. Что – деньги? Не нужны мне они. Если тебе трудно, все деньги мира не сделают светлее моего сердца... Мальчик...

Но слово вдруг замирает на устах старой Фатимы.

Где-то раздается выстрел... Еще и еще... Много выстрелов... Слышны голоса...

Что-то закипело, что-то заклокотало в ее груди... Как! Она еще не успела насмотреться на своего мальчика, она еще не успела сказать ему материнского теплого слова... И вдруг кто-то хочет его отнять у нее... Кто-то хочет пролить святую и драгоценную для нее кровь... За что? Кто имеет право? Где эти святые люди?

А выстрелы учащаются.

У горца горят глаза. Грудь его подымается часто и сильно. Мощною, привычной рукой он держит наготове свою верную берданку.

– Мама, прости... Я должен идти... Это пристав с казаками... Вероятно, накинулись на моих товарищей... Вот деньги... Возьми... Вот я их тебе за пазуху кладу. Прощай... И он быстро направляется к двери.

– Мальчик, постой...

Она загораживает ему дорогу.

Долой все обычаи... Тут не может быть места никаким-обычаям. Здесь мать и сын стоят перед лицом смерти.

– Мальчик... Поцелуемся... Может быть, в последний: раз...

И абрек, проливший на своем веку немало крови, останавливается и прижимает к своей богатырской груди вздрагивающее от рыданий тело старушки-матери.

Потом он бережно отстраняет ее и быстро скрывается в ночной темноте.

Выстрелы учащаются. Слышны голоса... Близко уже. Кого-то ловят… Кто-то грозит кому-то...

Ночь, дождливая глухая ночь по-прежнему льет крупными каплями слезы свои на землю и с затаенной тоской прислушивается к чему-то.

А в темной убогой сакле плачет, и стонет, и рвет на себе седые волосы старая Фатима.

Георгий ЦАГОЛОВ

## НА РАЗВАЛИНАХ ЗАМКА В МАХЧЕСКЕ[1]

Унылый вид... Здесь жизнь уже не бьется,
На всем лежит безмолвия печать...
Военный клич со стен не раздается
Уста бойниц уж с давних пор молчат.

Не виден дым вечернею порою;
Не слышен смех красавиц молодых,
С кувганами[2] спешащих за водою
Под дружный лай собак сторожевых...

И не слыхать ни возгласов тревожных,
Ни боевых напевов старины,
И лязг мечей, губительных и грозных,
Уже ночной не режет тишины…

Все глухо здесь... Все смерть напоминает...
Бурьян кругом, крапива да трава...
А из бойниц пугливый взгляд бросает
На сонный мир унылая сова...

1 *Аул в Дигорском ущелье.*
2 *Сосуды для воды.*



## МÆХЧЕСКИ ГАЛАУАНИ ИХÆЛДЗÆНТÆ

Æгудзæгхуз, цард си рагæй не ‘райуй,
Æрдзæ ниууагъта ами æмирвæд.
Кæддæри тохмæ седти уæрæйдайæн
Нæййес ами нæдæр æ кой, æ фæд.

Хъуæцæ не ‘скæлуй ами изæрдарти,
Иссæй æлдар фæлабулай мæрдвун.
Не ‘гъусуй худт æд гогæнттæ дондзаутæй,
Нæ ба фиййаугуй не ‘срæйуй æппун.

Нæ райгъусуй фæдеси тарст гæрæхтæ,
Нæ райгъусуй фидтæлти ниццæлхъ зар.
Æндон кæрдтæ кæрддзæмти æмирæхгæд, –
Не ‘халунцæ æхсæви сабур тар.

Дуйне къуру… Ка ‘ссердзæй си æ уасæ,
Хъамил фалдзос æд хæрдæ, æд урдуг.
Æрмæст мæсуги рагон æхсæн цъасæй
Кæсуй фунæй дуйнемæ хъæрæу уг…

*ЦÆГОЛТИ Геуæрги æмдзæвгæ дигорон æвзагмæ ратæлмаци кодта КОЛИТИ Витали.*

**Финсæг, тæлмацгæнæг, педагог, нæ адæмон исфæлдистади хæзнатæ æмбурдгæнæг Хъайтмæзти Бекмурзай фурт Аслæмурзи райгурдбæл аци анз æнхæст кæнуй финддæс æма авдинсæй анзи (1866-1925).**

***Цæгатиристойнаг зартæгæнгутæ ДУЛАТИ Дзамболат æма ХЪУСАТИ Сослан иссæнцæ Муслим Магомаеви номбæл зартæгæнгути æхсæзæймаг дуйнеуон конкурси лауреаттæ. Конкурси жюрий сæргъи лæудтæй Муслим Магомаеви цардæмбал, Советон Цæдеси адæмон артисткæ Тамарæ Синявская.***

# ЧТИТЬ ПАМЯТЬ ПАВШИХ ВОИНОВ ОТЕЧЕСТВА – НАША СВЯТАЯ ОБЯЗАННОСТЬ



В преддверии празднования знаменательной даты – 76-й годовщины Победы в Великой Отечественной войне временно исполняющий обязанности Главы РСО-Алания **Сергей Меняйло** совершил инспекционную поездку по республике. На контроле – состояние памятников ВОВ и воинских захоронений.

Первым объектом посещения стал мемориал участникам Великой Отечественной войны, ушедшим на фронт из района Осетинской слободки. Работы здесь уже подходят к концу. По словам инициаторов создания мемориала, его открытие планируется приурочить к празднованию Дня Победы. Сергей Меняйло поинтересовался, какую помощь могут оказать республиканские власти. Как выяснилось в ходе разговора, требуется помощь в благоустройстве прилегающей к мемориалу территории, также необходимо провести работы по установке освещения. Врио Главы Северной Осетии дал поручение решить эти вопросы.

Работы по уборке и благоустройству территории монумента в этот день вели студенты Северо-Осетинского медицинского колледжа. Сергей Меняйло поприветствовал ребят, подчеркнув, что выбранная ими профессия – одна из самых нужных и важных, и пожелал успехов.

Следующая остановка – село Майрамадаг. Именно здесь находится «Музей защитников Суарского ущелья». Его экспозиция посвящена бойцам 34-й отдельной стрелковой бригады, в которую входили курсанты военно-морских училищ Баку, Ленинграда, Ейска и Севастополя. На территории музея расположен мемориальный комплекс. Сергей Меняйло внимательно осмотрел состояние музея и прилегающую территорию. Врио Главы Северной Осетии остался недоволен состоянием некоторых памятников и поручил руководству Алагирского района, компетентным ведомствам незамедлительно привести захоронения в надлежащий вид.

В рамках поездки врио Главы РСО-Алания посетил и ряд других объектов, где детально изучил состояние мемориалов.

Подводя итог инспекции, Сергей Меняйло подчеркнул, что все памятники ВОВ и воинские захоронения, расположенные на территории Северной Осетии, должны быть в идеальном состоянии, и профильным ведомствам необходимо взять на строгий контроль данный вопрос.

**ЭТО ПАМЯТЬ ОПЯТЬ ОТ ЗАРИ ДО ЗАРИ БЕСПОКОЙНО ЛИСТАЕТ СТРАНИЦЫ...**




# «ПОМНИМ СЕРДЦЕМ...»

Время должно оставлять у порога многие привычки прошлого и брать в дорогу главное, непреходящее: верность гражданскому долгу, честность поступков, деятельную любовь к Родине, почитание всего что составляет и славу, и уважение к людям, чьим беззаветным служением Отечеству созидалось его величье и могущество...

Возможно, это звучит, как прописные, давно известные истины, но бесспорно и то, что они бесценны во все времена, потому что именно благодаря им, обретает человек истинные духовные блага. Это как настоящее лекарство – ведь и лекарства должны назначаться такие, чтобы помогли, наверняка, а не были просто привлекательны новизной своей упаковки...

Вот и смысл этих нескольких слов «Памяти павших будем достойны» и есть настоящее лекарство – для духовного оздоровления. Да, это главное, что думает, переживает, чувствует всякий, увидевший памятник солдату, который на вечной вахте памяти застыл на Братской могиле павших в боях за Родину воинов, у памятника матери, ждущей своих сыновей с полей брани... Так действительно: «Памяти павших будем достойны...»

Этой особо весомой мыслью и наполнено предназначение посвященного нашей Великой Победе ежегодного республиканского конкурса чтецов «Помним сердцем...»

Проводится он и в этом году, и приурочен к 76-й годовщине Победы советского народа в Великой Отечественной войне. Стартовал он 26 апреля. Целью его является поддержка молодых талантливых чтецов. Собственно, конкурс и состоит из одной номинации: художественное чтение. Возраст участников: от шести до восемнадцати лет.

– Участие в конкурсе осуществляется следующим образом:

1. С 26 апреля по 4 мая (включительно) необходимо снять видеоролик, на котором участник читает наизусть выбранное произведение и опубликовать на своей странице в социальной сети Инстаграм. Также необходимо отметить страницу @media.ossetia и добавить хештег #КЕТпоэзия.

2. Отправить видеоролик в директ страницы @media.ossetia, в описании указать Фамилию, Имя и возраст участника, автора и название выбранного произведения.

3. К участию в конкурсе принимаются стихотворения любых авторов на русском и осетинском языках.

4. В видеоролике обязательно должно быть видно лицо участника.

5. Не принимаются работы с отсутствием изображения и/или звука, а также с перевернутым изображением и другими характеристиками, влияющими на восприятие конкурсной работы (например, громкая фоновая музыка, заглушающая речь, мешающие звуки и т.п.).

6. Длительность видео не более 3-х минут.

7. Допускается видеомонтаж и художественная обработка видеоролика, а также использование декораций и костюмов.

– 4-5 мая экспертная комиссия, состоящая из поэтов, писателей и актеров РСО– Алания подведет итоги и огласит имена победителей.

– Награждение победителей состоится 6 мая в селении Хазнидон.

***

И в заключение обращаемся ко всем жителям нашей республики: приглашаем вас в селение Хазнидон на мероприятие, посвященное 76-ой годовщине дня Победы. Напоминаем еще раз: здесь, 6 апреля пройдет финал конкурса чтецов «Помним сердцем...»

Гости мероприятия также услышат песни военных лет в исполнении именитых артистов нашей республики.

А также пройдет футбольный турнир, и любители этой популярной игры смогут понаблюдать за состязаниями юных футболистов, которые будут бороться за главный приз – серебряный кубок Чемпиона-КЕТ, ежегодно переходящего от победителя к победителю!

Ждем вас, дорогие друзья, 6 мая 2021 года в селении Хазнидон, на площади у памятника Матери солдата.

Дигорæ
Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».
Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел. 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службi Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**
**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæрей еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№921.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 27.04.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**